

Laj Legliz Tiyati A

60-1208

Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Kounye a aswè a nou se...Jis anvan nou antre nan gran laj legliz sa a...Mwen — Mwen jis espere ke Seyè nou an ap vide Lespri L sou nou jis...epi beni nou ankò. Epi nou ka sèlman touche pwen fò yo kounye a paske, nan gran evènman an k ap vini an, nou ta isit la tout semèn lan. E, o, yè swa nou te sitèlman gen yon moman gloriye!

2 Ebyen, kounye a jis anvan nou li Lèzekriti, èske nou ta ka jis chanje pozisyon nou—nou pou kèk moman epi kanpe pou yon mo lapriyè:

3 Papa nou ki nan Syèl la k ap fè gras, nou vini nan Non Seyè Jezi a ki sifi nèt ale, antan nou konnen yon jou W ap vini. E n ap eseye prepare kè pèp la pou resevwa gwo revelasyon sa a ke Ou se Pitit Bondye vivan an; ki pa mouri, men ki vivan pou tout tan; epi k ap viv nan Legliz Ou a kòm Temwen Lapannkòt la, nan gran tan sa a lè tan rafrech a va soti nan Prezans Seyè a. Nou sitèlman kontan pou jwi tan sa yo isit la apre milnèfsan lane.

4 E, Papa, avèk imilite nou bese tèt nou ak respè pou gwo mesye sa yo atravè laj yo, zetwal sa yo ke Ou te kenbe nan men Ou, ke Ou te di yo se “zanj Laj Legliz yo,” minis yo. Konbyen nou di Ou mèsi pou gran Sen Pòl, nan Efèz. Konbyen nou di Ou mèsi pou Irene, O Seyè, Irene gran sèvitè W la; epi pou Sen Maten; e aswè a pou Sen Kolanban. Seyè, konbyen nou di Ou mèsi pou mesye sa yo. Nan mitan fènwa Womanis, paganis ki vini nan legliz la, yo te kanpe vyan pou mesaj ak benediksyon pannkotis la, pale an lang, ak—ak gran siy ak bèl mèvèy, geri moun ki malad, epi resisite mò.

5 Anpil nan yo, Seyè, yo te rache yo an mòso, yo te touye yo, epi yo te bay lyon manje yo; gran bagay te pran plas. Tè a benyen ak san jis yo. E, Papa, san yo rele jodi a kont legliz mechan adiltè sa a. Epi Ou te di, yon jou lè Ou vide...“Zanj lan te vide koup li a sou li, e yo te jwenn san tout mati yo nan li.”

6 Seyè, ede nou gen...pare pou nou kanpe kounye a, paske lè a ap fèmen. Kòm nou wè bèt sa a ki gen de kòn yo ap monte sou tè a, pa monte sou epesè ak foul moun, “Avèk kòn tankou yon ayo, men li te pale tankou dragon an.” Nou kwè lè sa a prèske rive kounye a, Papa, alòske legliz sa yo ap konfedere tèt yo ansanm, “Y ap fè yon imaj bèt la”; epi sa pral terib pou gwoup sa a, Seyè, ki p ap vle rantre. Vrè bòykòt la ap vini, men nan lè sa a Ou te pwomèt pou pran Legliz Ou a. Ede nou, Seyè.

7 Anvan yon gout dlo tonbe, Noe te nan lach la. Anvan dife a te ka frape Sodòm, Lòt te ale. Papa, nou kwè, anvan pwisans atomik yo eksploze tè sa a an miyèt moso, Legliz la ap pati. Nou kontan anpil, Seyè. E, nou konnen ke bonm yo pandye nan anga yo, aswè a.

8 E nou ka gade nan direksyon Syèl la epi wè Fis de lòm nan k ap leve sou Twòn Li pou L kòmanse vin sou tè a pou Anlèvman Legliz Li, e nou konnen ke pye presye L yo p ap touche tè peche sa a nan moman sa a; Paske menm jan Rebeka te moute chamo a epi I te sote desann sou chamo a, drèt ant kay Abraham lan, nan chan an, li te rankontre ak lepouz li. O Bondye, e Legliz la pral rankontre lepouz nou an anlè a, “Paske nou menm ki vivan e ki rete yo pa pral anvan ni anpeche moun ki nan dòmi yo. Twonpèt Bondye a pral sonnen, moun ki mouri nan Kris la pral leve an premye, epi nou pral anlve ansanm avèk yo pou rankontre Seyè a (nan chan an) anlè a, epi pou nou tout tan avèk li.”

9 O, ede nou, aswè a, Seyè. Ban nou dousè Espri nou yo, epi voye jete tout amètım ak endiferans lwen nou, epi ke nou ka sitèlman fonn ak Sentespri a. Se pou Zanj Bondye a dirije aswè a.

10 Seyè, mwen pa konnen kisa pou m di moun sa yo. Kounye a, mwen gen istwa yo ak bagay sa yo ekri sou sa Ou te fè, men sa pran Oumenm pou entèprete lavni, alò mwen priye ke Ou va akòde li nan Non Jezikri. Amèn.

11 Kounye a annou tounen nan Liv Apokalips la. Epi aswè a nou sou laj legliz... Katriyèm laj legliz la, Tiyati, yon gran laj legliz ke yo rekonèt kòm Laj Tenèb la. Laj legliz sa a kòmanse an 606 epi li te fini an 1520. Mwen...Se te tout sa m te kapab fè, chwazi li. Anpil entelektyèl pran—pran Sen Patrik kòm zetwal la oswa...chak...

12 Sèt zetwal se te “sèt zanj” Sèt Laj Legliz yo. Nou konnen demen swa, san dout, Luther; epi Wesley. Nou pa konnen kiyès zetwal legliz Lawodise sa a pral ye. Se...Nou nan laj la kounye

a, se te depi 1906 nan konmansman Lapannkòt. Men va gen yon zanj ki va leve pou toufe tout dògm yo, fè Legliz la pare pou ale Lakay li. Kounye a, gen kèk mèt nan—nan...nan Lespri, ki va leve ak siy ak bèl mèvèy. Kounye a, mwen priye pou ke Bondye ede nou konnen sa.

13 Nan chwa sa a, atravè rechèch yo, Sen Patrik te yon gran òm. E dapre kèk nan ansyen ansyen maniskri yo, Sen Patrik pa t yon Katolik. Li te pwoteste kont legliz Katolik la. E pandan tan Refòm lan, dògm sa a yo te genyen an yo te detere l, e sa pwouve ke Sen Patrik te pwoteste kont legliz Katolik la. Sa...Sen Patrik te plis tankou yon nonm òganizasyon, li te gen pwòp lekòl li. Li te premye...lè yo te kidnape l sou bò lanmè a, limenm, ak de ti sè l ke l pat janm tande pale de yo ankò. Yo te anlve yo, pwobableman mennen yo nan Wòm epi vann yo kòm esklav. Yo te anlve li tou epi yo te vann li kòm yon esklav epi yo te ba li yon travay pou gade kochon.

14 Li te antrene chen yo pou pran—pran swen kochon yo, elatriye; e yo te konn reyaji a diferan gwòyman ak bagay ke li te anseye yo. Epi lèfini se te yon fason pou sove, nan fon yon bato, lè chen yo te kouvri l jiskaske li te antre nan lanmè a. Pita li te vini nan bèl plas pa l li te renmen an, lland, e li te jwenn manman l ak papa l toujou vivan. E Sen Patrik te yon—yon neve gran Sen Maten an.

15 Ki, se te youn nan pi gran ke nou te janm genyen pami lèzòm depi Jezikri, se te Sen Maten. Legliz li yo te ranpli ak Sentespri a, yo tout te pale an lang, te gen siy ak bèl mèvèy, ak mirak, jis tout kalite mirak te konn fèt. Li te kenbe Lafwa pannkotis la nan mitan laj legliz sa a ki te marye ak Katolis; paganis ak Nikolayit yo marye ansanm, pou fè yon òganizasyon. Epi fè Nikolayit yo—yo...Ke nou rele yo *Nicko*, ki vle di “konkeri.” “Konkeri oswa ranvèsè layik la,” epi voye Sentespri a jete lwen kongregasyon an, epi “ se jis prèt la ki sen, jis nonm lan.” Ou wè? Epi yo viv nenpòt fason yo vle, mwen devine, e jis osi lontan ke ou konfese li bay prèt la. Kifè yo...

16 Nou te wè yè swa, ke—ke yo te etabli yo, ke Konstanten te etabli premye evèk la, epi li mete l...li ba yo bilding sa yo, kòm nou ba ou dat yo ak tout bagay ke w te note yo. Epi yo te gen gwo fèt solstis la la a, ki te 21 desanm lan, jou ki pi kout nan ane a. Epi li te mennen erezi sa a, ki te, ke li te “jou solèy la.” Ou wè, jou anivèsè nesans solèy la, yo te chanje nesans Jezikri de avril a 25 desanm.

17 25 desanm. Pandan senk jou sa yo se te lè Women yo te fè gwo selebrasyon yo, sik la, e latriye, e se lè sa a yo te fè gwo fèt payen sa a. E yo plase nonm sa a tankou yon dye pou tèt pa l anwo a la, epi yo abiye l ak tout bagay. Epi yo te gen dye pa yo dirèk avèk yo. Epi...se lè sa a, moun pòs milenyòm yo vin egziste, la menm, paske yo te panse ke legliz la te nan Milenyòm lan la menm. Ou wè, paske yo te rich, yo pat bezwen anyen, leta ak legliz tout ansanm. "Milenyòm lan konmanse," se toujou yon ansèyman Katolik jouk jounen jodi a. Ou wè? Bon, "Milenyòm lan konmanse," paske nou konnen ke se fo. Milenyòm lan: Dezyèm Vini Kris la k ap mennen Milenyòm lan. Se vre.

Tè a ap plenn, l ap kriye pou jou delivrans dous sa a,

Lè Seyè nou an va tounen sou latè ankò.

18 Bon, gran sen sa a isit la se te Kolonban. Li te yon gran òm Bondye.

19 Kounye a, mwen gen istwa li on jan ekri isit la. Premyèman, katriyèm laj legliz la, *Tiyati*, sa vle di "mou, lach," oswa, "flou." Ou wè? Se te jis yon tan ilejitim ki konmanse an 606 jouk 1500.

20 Zetwal la se te Kolonban, moun lland ak Scotland, ki te yon neve Sen Maten; e li te viv anvivon swasantan apre Sen Patrik, e konsa ministè li kòmanse apeprè swasantan apre Sen Patrik. Li...

21 Li pat janm aksepte doktrin Women an. Li te yon gran òm ki te gen lafwa. Li te rejte ansèyman Women an; li pat janm ale a Wòm, e li te rejte sa ansanm. Se, mwen pat kapab wè kote yo te janm kanonize l. Tankou yo te fè pou Sen Maten ak lòt yo, yo pat kanonize l ak Irene paske yo te toujou nan Legliz sa a ki te gen siy ak bèl mèvèy Lapannkòt yo, men ki te kwè. Li pat janm pran ansèyman Women an, pou ansèyman pa yo. Li te pran ansèyman Bib la ke manman pye l la te ba li, sè Sen Maten an, e li pat janm pran ansèyman Women an nan okenn moman. Li te anseye ke siy Mak 16 la ta dwe swiv chak kwayan. Amèn! Mwen...Sa se kalite nèg mwen renmen; li kwè. Wi, mesye.

22 Li — li te tande vwa Bondye dirèk ki t ap rele l. Sa se yon lòt bon siy pou li, ou wè. Kifè pa gen anyen ki te ka rete l apre sa, li te pati, uh-hum, uh-huh, li te sou wout la lè li te tande vwa Bondye dirèk.

23 Yon mirak...Mwen gen plizyè ki e... isi a la, men si nou jis pran sèl sa a. Youn nan mirak se te ke lè li te ale nan yon sèten vil ke Seyè a te voye l, epi vil la pa t vle resevwa l, alò yo soti la epi yo te eseye...yo te pran mizisyen yo, e latriye, epi yo te fèmen pòtay yo epi yo te eseye kouvri vwa l nan jwe, ak mizisyen yo. E li kòmanse preche, epi li te kouvri vwa mizisyen yo epi pòtay yo louvri, li te antre, li preche kanmenm. Li te gen tout ansanm moun yo ki te konvèti.

24 Men sou yon lòt ti bagay ke m ta ou jan renmen pale. Li te antre nan yon vil. Yo te gen vil yo byen barikade nan jou sa yo, se sèten. Se konsa, li te ale nan vil la, e yo te kouri dèyè l. Li te pral ale, lè ke pitit gason chèf la te tonbe gravman malad, epi yo voye moun sou wout la al chache bon sen an. Li te retounen el te lonje kò l an kwa sou ti bway ki tap mouri a, el te tounen viv ankò.

25 Legliz li a te ranpli ak Sentespri a, li pa ta ka gen anyen an mwens, paske chak manm nan legliz te dwe ranpli ak Sentespri a. Apre sa, li te pwoteste epi l te rayi ak tout fòs li yerachi nan Wòm nan. Mwen kwè ke l se te etwal laj la. Ki sa l te fè ? Avèk pale nan lòt lang, batèm nan non Seyè Jezi a, ap akonpli menm bagay ke yo te kòmanse yo. Si Bondye enfini, e se konsa l te kreye legliz depi nan kòmansman an li te dwe rete menmnan, e l te (menm an minorite) jis kanba nèt; prèske kwense la a, epi retounen ankò a travè Litè.

26 Bon, nou vle kòmanse kounye a, epi wè si n te ka kòmanse sòti kèk nan vèsè sa yo kounye a, ak ... nou pral kòmanse ak vèsè 18 la: ... pou lanj legliz Tiyati a li ekri ; ...

27 Èske w remake sa yo – adrès sa yo ?mesaj sa yo te adrese a anj la, oswa minis ki tap pote limyè a nan legliz sa a. Ou wè ? Ebyen, yè swa nou te jwenn, nan fèmte lòt laj sa a— Pègam nan, ke anj legliz la (ki rive simonte laj legliz la) ta resevwa yon wòch. E nan wòch sa a ...

28 Koulye a, nou te pran "wòch" sa a e senbolize l, li vle di yon "wòch." Kisa l ye? Zanj lan ta dwe youn tankou Pyè, ki te rele "wòch."

29 Konnen ke non w gen yon enfliyans sou vi w. Koulye a, m pa ka rale twòp sou sa, paske dyab la gen yon fo numeroloji; nou konn sa; kòmanse ak fè moun gen sansasyon, elatriye

konsa, ki kab mennen nan espiritis. Epi espiritis vin de satan. Nou konn sa. Epi se fason an, ou dwe fè atansyon. Tankou yo ...

30 Rezon ki fè ke yo te rele Jezi " Bèlzebul," yon " demon," paske, ou wè, li te ka disène panse dekouvri panse ki nan lespri yo. Ou wè, men Li te Pawòl Bondye a. Nan Ebre 4 li te di, "Pawòl Bondye a, pi file pase yon epe a de tranchan, pou menm disène panse ki vin nan kè yo, e lide yo." Ou wè? konsa, Li te Pawòl la, Li se Pawòl vivan an, Pawòl vivan an vin nan nou e fè menm efè a sou nou. Ou wè, menm bagay, paske se menm Pawòl la. Ou wè, se menm bagay la nan mitan nou. E se fason an sa. E pafwa sila ki pa nan tranch sa a ap pale nan lòt lang epi lòt ap entèprete l. Kisa l ye? Pawòl la te fè l chè ankò nan mitan nou.

31 E apre, nou remake ke anj sa a ta resevwa... anj laj legliz la ki resevwa "wòch la." Se te yon wòch blan, ki vle di se pat pwòp jistis li, men "Pwòp jistis Bondye a."

32 Epi sou wòch sa a te gen "yon Non," yon non ke pèsonn pat konnen sof sila ki te resevwa l la. Li te konnen l, men pesonn lòt moun pat ka konnen l sof limenm. konsa, lè w tande moun sa yo kap flate w, ap di ke w se pou yo ; yo pou "Jan," yo pou "Pòl," yo pou "Mari," yo pou " si , " " sa ," oswa " lòt la ." penga w kwè l, paske si se te sa, li pa tap janm di anyen de sa. Ou wè ? Se vre. Li te dwe kenbe l pou limenm. Li te konnen. Pèsonn pa konnen sof limenm, men l konnen paske chak veritab venkè resevwa yon nouvo non nan sa - sa – fason sa a .

33 Èske w remake Abraham te rele Abram, men lè Bondye te ale pou sèvi avè l ' , li chanje non l pou "Abraham." Sarra te Sarra, men lè Bondye te pral sèvi avè l, Li chanje non l pou S-a-r-r-a-h, Sarah, "prensès." . Èske w konnen ke Jakòb ...? Jakòb te "twonpè." Ezayi vle di "wouj", chaje plim sou kò l wouj ; cheve wouj, Ezayi te wouj tout kote sou li. Ki donk ,Jakòb te "yon twonpè." Epi yon twonpè se yon "mèt dam." Se pat Ezayi ki te di, " Eske non l se pat Jakòb,'twonpè a'?" Men, lè li goumen ak Seyè a pandan tout nwit lan, el te genyen, e l te beni, Bondye te chanje non l ; Jakòb pou Izrayèl, "yon prens ak Bondye ." Pòl te rele Sol jouk li te rankontre Sentespri a sou fòm yon limyè ki te klere sou li, non l te chanje de Sol a "Pòl." Simon, lè l te rankontre Jezi , Li te chanje non l an "Pyè." Sa ...

34 Elè Jezi pot vikwa , Non L te chanje . Apre, Li va revele Non sa a, "Moun ki ta dwe venkè menm jan avè l, li te resevwa yon nouvo non ; e m pral revele l Nouvo Non m nan."? Ou wè, chak venkè, m vle di, pami sila yo ki se sa: lidè yo elatriye. Bon, tout pitit Izrayèl yo, pa t gen Non yo ki te chanje, sèten. Se vre. Men, lidè wo plase yo, lè yo pot lavikwa, yo te resevwa yon nouvo non. Ou wè ki jan li byen konkòde? Jis pafètman.

35 Epi, apre sa nou te jwenn ke l te resevwa " lamann kache " tou. Koulye a, lamann kache a te tipifye pen pwopozisyon. Pen pwopozisyon an se te sèlman pou prèt yo. Se sa. Pen pwopozisyon se te jis pou prèt la. Apre sa, yo ... Se te yon bagay espesyal ki te fèt pou prèt la, ki se, lidè yo; e nonm sa a te yon venkè. Tout asanble a te resevwa lamann, men l te resevwa yon lamann kache (espesyal), oswa yon "revelasyon espesyal," Oo, de kiyès Jezi te ye, de ki prevyen de li, tout bagay sou li. Ou wè, li te gen revelasyon sa a si l te pot vikwa, pou anj lan. "Kenbe fèm, pou sila ki ..." ranpòte lavikwa. Adrese a lanj legliz la. Ou wè?

36 Koulye a, nou twouve n aswè a, nap kòmanse: ... pou lanj legliz Tiyati li ekri ; Men sa Pitit Bondye di, limen ki gen... ... je l yo tankou ... flanm dife, e pye l yo ... tankou bon kalite kwiv;

37 Kifè, lè nou wè l nan premye, laj Efèz la, oswa nan premye kòmansman Revelasyon an, nou wè l nan setyèm pèsonaj glorifyel. " Cheve ..." Nou jwenn ke Jan te jwenn li nan jou Seyè.

38 Lè l vini koulye a, li se yon Prèt. Lè Li te isit la sou tè a, li te yon Pwofèt, Pwofèt Bondye a. Ebyen, Li te pran pwòp san l e te al devan Papa a, ki fè de Li yon Prèt. Lè L retounen Li pral yon wa. Pwofèt, Prèt, epi wa. Li te Pwofèt Bondye a, Li te yon Èg. Li te Prèt Bondye a, Li te yon Ayo. Lè L retounen, Li pral yon Lion, wa a, (tribi Jida a) pou reye.

39 Men, nan mitan dispansyon prètriz li a, lè sanktyè a te kite, alòs, nou jwenn li kanpe la. Epi Jan te di ke l te nan Lespri nan " jou Seyè a "; pa setyèm jou a, pa dimanch, tout sa se erè. Nou dekouvri sa, nan fouye ekriti yo, se te jou Seyè a. Sa a se jou lòm. Vini Seyè a pral jou ki pou li a.

40 Apre sa, nou jwenn li nan jou Seyè a. Epi, lè l te wè Seyè a, Li te gen " cheve l blan kou nèj." E nou konnen ke sa reprezante yon jij.

41 Yon lòt bagay, Li pat yon prèt Lè sa a, paske Prèt la te mare toutotou nan mitan an, ki vle di sèvis. Jezi te mare ozalantou pape yo, anwo isit la, ki vle di ke L te yon jij. Amèn! Apre sa, nou wè I kap mache nan mitan sèt chandelye lò yo.

42 Epi, kounye nou te reprann "Ansyen jou yo," ki te blanchi nan Jijman twon blan an lè kote Danyèl te wè L la, "Vin jwen Ansyen Jou yo Ke cheve L te osi blan ke la nèj."

43 Koulye a, "blan." Granmoun Jij Anglè yo plisyè lane diran, , te gen abitud, lè yo te al nan tribinal yo te konn mete yo gwo perik blan, yon perik blan kou nèj -paske yo te jij. E Jan te wè I nan jou Seyè a, lè L te yon jij. Amèn!

44 Koulye a, nou jwenn ke "Li te gen je I yo tankou flanm dife." Je sa yo ki te tankou flanm dife Lè sa a, ... Yon fwa je sa yo tap tenyen ak dlo je imen. Yo te ka kanpe ak kriye pou yon nonm ki tap mouri, e ki te konnen nan senk minit li ta pral viv ankò; men se te jis santiman imen. Men, dèyè sa te gen yon tèl pouvwa kel te kab gade a travè lavi yon nonm epi di I la menm kilès li ye e tout bagay de li. Paske I te vini kounye a nan reflè sa a tankou dife. Je I yo ka gade pasi pala a travè tè a, e wè tout sa ka pase. Ki kote w pral kanpe nan Jou Jijman an ? Peche w yo pral toutouni devan I.

45 E w remake Li te gen, "Ap sòti nan bouch Li, yon-yon epe byen file a de tranchan," ke nou jwenn ke se te Pawòl la.

46 Nou wè ke pye I yo te "bon kalite kwiv," elatriye, ki vle di " fondasyon Li." Li foule kiv kòlè Bondye Toupwuisan, li pilonnen epi pran peche sou li , li te sòti, li te fè kè Bondye kontan. Se vre. Epi fondasyon I se fondasyon nou: Sou Kris, woche solid la, m rete kanpe; (Eddie Perronet te di.) Tout lòt teren se sab mouvan. (Se vre.)

47 Koulye a, nou wè la a, chak fwa lè L rankontre ak yon laj legliz , Li adrese a li tankou youn nan non Divinite I yo. Koulye a, nou jwenn ke lè ke n tounen dèyè, ke premye nan tout revelasyon yo se Divinite a (Divinite Siprèm lan) Jezi Kris la: "Mwen se Sila ki te, ki se, e kap vini. Mwen se premye a, epi dènye a, Bondye Toupwuisan an. " Ou wè, premye revelasyon a. Jan te tounen poul gade kisa k tap pale avè I. An premye, Li adrese a li nan ...

48 Nenpòt ki wa, lè l ap adrese l, li-li-li di ki moun li ye; nenpòt moun nan. "M se entèl-entèl lè m pale avè w, ou pa konnen m. M se William Branham, M se John Doe," nenpòt ki moun li ye a.

49 Li di: Mwen se premye a, e dènye a; Sila ki te vivan epi mouri ; epi vivan pou tout tan . " Oo, lala! Divinite a . La a nou wè l nan setyèm pèsonaj nan eta glorifyel la. Nan chak laj legliz Li-Li apwòche yo nan yon divinite diferan de divinite sa yo, youn ki diferan de eta glorifyel yo.

50 Bon, aswè a, Li vin ak yon dife tou limen. Lap gade nan direksyon Laodicea ... Tiyati. Sa a se laj la kote legliz te marye ak Katolik e paganis , oswa Nikolayis ak paganis te marye ansanm epi fòme e te bay nesans a premye legliz la, legliz òganize a.

51 Apre sa, Bondye di ke zèv Nikolayit yo (ki te nan mitan Efèzyen yo), nan- ti legliz Pègam la te vin yon "doktrin," e l te di se te "yon doktrin Balaram." Epi Balaram te sila a ki te anseye pèp Izrayèl la pou te ale epi komèt fònikasyon, oswa yo te komèt fònikasyon ak Moab (ki te yon manm legliz ki te tyèd), oswa leglizki popilè a, gwo òganizasyon an . Apre, nou jwenn ke Bondye te di, ke doktrin Nikolayit ki te ... pran ... mete tout pouvwa a nan yon legliz, epi mete l apa e fè l yon òganizasyon, li te di , "Ou rayi l, e m rayi l tou. Nan " Li jis ap kontinye di , " M rayi !! M rayi !! M rayi li ! . Epi se la a li te fin pa pran ekspansyon l. Ou wè ki jan legliz kouri rale kòl, la menm jouk li vin yon ti ponyen tout piti, e se nan legliz sa a ke nou ye koulye.

52 Koulye a, nan jou sa a kote revelasyon sa a te vini, oswa se te pou legliz, Se te yon jou ke Wòm te bati sou gwo wòch yo lakay yo nan zèb ak pay yo. Men, li tap adrese legliz sa a konsa"Li toujou rete dife flanbwayan yo kap gade a travè tan an e fondasyon l se pa zèb, pay, men li solid , se kwiv ki epwouve gwo dife founèz." Fondasyon an asire. M renmen sa . Nou konnen ki kotenn kanpe.

53 Dakò: M konn zèv ou yo, e charite w, e sèvis ou e lafwa w, e pasyans ou, ak travay ou; epi dènye-dènye a ki plis pase premye a.

54 Oke, legliz sanble yo te prèske konplètman te koupe, jis yon ti kras redwui, epi yo te elwaye yo de gwo reyinyon espartyèl, e te yon jan repoze yo sou zèv yo. Bondye pa vle nou repoze nou sou zèv yo.

55 Sa a se yon-yon siy òganis. " Nou pote kèk bwa pou Madmwazèl Jones. Apre sa, nou pral pote kèk rad pou ti moun entèl-entèl yo. " E se trè byen. Men, pengaw konte sou sa, pa fè sa. Frè, sa - sa - sa a se bon zèv ; yon bon sitwayen janti kab fè sa . Men, sak fè yon bon kretyen se fè yon eksperyans ne de nouvo, batèm Sentespri a. Dakò.

56 diminye, yo te lage yo nan fè zèv olye de lanmou ak lafwa, ap resevwa pi plis ankò tout tan jan sa ap kontinye a.

57 Oke: M konn zèv ou , ... M konn fwa w, M konn pasyans ou, elatriye ...

58 Men kounye a nou pral pran vèsè 20 an, koute sa a : Men sepandan M gen kèk bagay kont ou, paskew tolere fanm Jezabèl la, ki rele tèt li yon pwofetès, pou anseye ak ... sedwui sèvitèm yo e pou komèt fònikasyon, epi manje bagay ki sakrifye pou idòl.

59 Koulye a, " fanm." Ki sa ' nou jwenn ke fanm te reprezante yè swa? " Legliz la ." Bon, kounye a nou jwenn la a ke yo te rele yo " Nikolayit , " "doktrin Balaram nan," e kounye a li vin tounen yon " Jezabèl."

60 Koulye a, " Jezabèl ." Si w ap remake, sa a se yon gwo istwa. Bon, si w vle pran nòt, kòmanse nan Premye Wa a, anviron ... Premye Kings yo, bò kot 16 la. Jezabèl pat yon pitit fi Abraham; ni gwoup ki la a tou la, Wòm payen an. Nikolayit yo te frèt, yon pakèt bann kretyen fòmèl ki te separe yo de veritab kretyen yo, " ki sanble pat pa gen lafwa a." Apre sa, yo te vle fè legliz la tankou yon obèj, tankou menm bagay ke yo gen jodi a ; tankou yon obèj, San okenn Lespri ladann ditou; "Jou mirak yo pase . Tout sa se te pou yon lòt laj. Nou te gen yon fratènite . " Yon Mason lòj, yon kanmarad biza, oswa nenpòt bagay la ka pwodui sa. Epi sa se trè byen, men sa pap janm ranplase yon nouvel nesans nan Jezi Kri, Sali pou nanm, Verite sa a.

61 Oke, Jezabèl sa a . Koulye a, li te yon pitit fi abraham, se vre , yon Princess yon idolatè. Nan tan sa a lè fanmi wayal la, fanmi wayal li a, te renome pou lwayote sovaj a Baal. Papa I te yon prèt idòl A-s-t-a-r-e (m pa konn ki jan w pwononse l, m jis pran l nan listwa a). Akab te itilize estrateji l tankou Konstanten. Gwo nasyon pwisan sa a te a kote Izrayèl. Ki donk se poutèt sa ...

62 Se kisa Konstanten te fè yè swa? Li pa t konvèti. Li te yon politisyen. Ki sa ke I tap eseye fè? Li te pran kretyen yo, lè yo te di I ke yo ta I priyè ... (E la a kounye, sonje, li ta- ... nap pale la a koulye a de Nikolayit yo). Apre sa, li te di si yo ta lapriyè, epi I ta genyen batay sa a, alòs li ta – lap vin yon kretyen. Li te fè yon rèv . Li te pentire boukliye I yo an blanli, jou swa sa a, pou kwa a. Se la ke chvalye Kolon yo te pran nesans, nan epòk sa a menm; Epi se la a ke yo te pran pozisyon yo. Men, li pa janm te fè anyen kòm yon kretyen! Sou youn nan legliz Nikolayit yo, ki rele Sen Sophia, li mete yon kwa. Janm te di yè swa a, se sèlman bagay li te fè ki te ka di I te nan legliz, osi lwenl kem kab chache nan paj listwa yo. Epi anpil lòt gwo save yo di menm bagay. Nou pa konn anyen de konvèsyon I, koulye a. Men nan kisa I te fòre kòl. Sa I te vle fè, Li te wè pi plis nan wòm, koulye a.

63 Koulye a, gade sa a, gade estrateji sa a. Epi siveye ki jan Bib la konfime I, Bondye, dè santèn ak dè santèn lane anvan I te rive. E konstanten te itilize menm estrateji a, Bondye di la a, ke Akab te itilize.

64 Koulye a, Konstantine te wè ke yon gwo pati nan moun li yo se te Nikolayit sa yo, kretyen yo. Kèk nan yo te rele " eretik," sa a, se Pannkotis yo ; yo te " eretik epi Sen kap woule atè yo," E kisa ankò. Se la a ke w te jwenn veritab siy ak mirak yo. Men legliz natirèl nan lè sa a, tap rive jouk nan òganizasyon. Ki sa ke I te fè? Konstanten te fè yon kou entelijan. Li al la ba a epi pran zanmi payen I yo ak zanmi kretyen I yo, epi ini legliz yo ansanm, monte –yon...menen payen nan Krityanis. Krityanis ak panganis marye nan legliz Pègam.

65 Koulye a, Kisa I te di de sa isit la aswè a ? Menm bagay ke Akab te fè a. Akab , pou ranfòse wayòm li, te marye ak Jezabèl, adoratri idòl sa a; pou ranfòse wayòm li, pou gen plis fòs nan Izrayèl.

66 E se sa ke legliz ap eseye. Ou wè ki kote yap eseye fè yon Bib, yap sòti avè I lane pwochen nan lane 62? Sa a se yon Bib ki pral satisfè jwuif yo, li pral satisfè katolik yo, epi satisfè pwotestan yo. Oh, frè m ! M te gen mòso jounal la. M pa t genyen I avèm aswè a, ou te kanmenm tande m li I avan yè swa. Men li, ou wè.

67 Oo, bagay yo ap eseye ogmante! Yo pran bagay sen Bondye epi epapiye yo nenpòt ki fason an, pou ogmante e gen anpil chif. Se sa ke legliz te fè. Li te aksepte moun sou baz bay lanmen, epi I te aksepte yon bann vagabon e nenpòt lòt bagay la, moun ki pa rejenere. Men, nan vrè kò Kris la, ki pa yon òganizasyon, men mistik - Kò mistik Kris la, ou ka sèlman rantre ladann yon sèl fason, e se a travè batèm Sentespri a. Oke! E menm siy ki te frape apot yo, frape Legliz la. Se egzakteman sa!

68 Koulye a, nou pa gen poun fè konpwomi epi di, " Oke, nou pral rantre nan legliz yo. Nou pral rantre nan legliz initè. Nou pral rantre nan sa a, oswa Batis, oswa Metodist. " Ann rantre nan Kris! Rete lib de bagay sa yo. Paske chak nan òganizasyon sa yo kòrèk, men yo - yo gen yo doktrin yo ak bagay pa yo, epi w dwe al wè si siveyan jeneral la ap kite w vin nan peyi sa a epi gen yon reyinyon. Siw pa anseye jis egzakteman tankou yo fè, yap chase w deyò, ou pa ka rete ak Bib la. Bondye pa ka fè I, li rayi I. Nenpòt lòt kreyen ki ne de nouvo ta fèl tou. Anpil nan moun sa yo la a yo absoliman ... vle fè, vle sèvi, epi vle fratèize. Men w ou pa ka fè I, yo ta mete w deyò. Oke, kite yo mete w deyò, kontinye, pran Sentespri a kanmenm. Sa egzakteman sa. Men, ou wè, yo - yo vle gen sa - dògmatik sa a. Yo vle mete w kote w te ka gen anpil lajan. Batis te gen yon dizon nan lane 44, "Yon milyon anplis nan lane 44." Ki sa yo te jwenn?

69 Menm jan gwo evanjelis Billy Graham te di, lè I te Louisville, " M al nan yon vil ..." li te di, "Sen Paul al nan yon vil, li fè yon konvèti; lè I tounen lane pwochen - li te jwen trant ki vin de youn nan; pitit-pitit-pitit pitit-pitit pitit timoun yo, ki vinn de yon sèl konvèsyon sa a. " Li te di, " M al nan yon vil, rele trant mil, m tounen lane pwochen m pa ka jwenn trant. " Ebyen kisa sa I te di, li - li te fè yon bon deklarasyon, men M toujou pa kwè ke presye frèm nante gen rezon. Li te di, "Noumenm predikatè parese yo." Li di, " M ap ba w non yo ak adrès yo, ou chita ak pye w kwaze sou biwo epi ekri yo yon lèt olye pou ale, al pale avèk yo."

70 M-M yon jan admire I pou sa. M renmen yon nonm pou sa I ye a, li pa yon ipokrit; kanpe fèm epi rete sa w ye a. E m renmen sa. Men, m ta renmen di, "Billy, ki te al la baa pou pran moun ke Pòl te konvèti a? Ki sa I te ye, Billy, si w ta jis sispann kite yo dèyè a epi ban yo

lanmen, epi reveye w, e di, 'Wi, m aksepte Jezi kòm sovè pèsonèl mwen,' epi kite l' rete la a jouk li mouri epi pouri, epi li ne de nouvo nan Sentespri a, li pral fè pakèt lòt konvèti. ”

71 Frè, ou se ... lap fleri ak dife, ou pa ka mete l' deyò. Li tankou yon kay ki pran dife nan gwo van, ou jis pa ka fè l. Oo, li gaye toupatou, frè, yon vrè konvèti nan Kris, li pa ka ret trankil. Li jis ... li sou mouvman. Oo, m tèlman kontan! Oo, lala! Batèm Sentespri demode ki met dife nan nanm ou, ou paka ret trankil, van an ap vante w, van pwuisa an kap depechel la ap kontinye soufle sou wou. Poukisa m jis kontinye ap ajoute bwa, epi kitel kontinye. Wi mesye! Okenn moun pa t ka pran konvèti Pòl yo, Pòl te tèlman fè yo pwofonde nan Jezi jouk li te rive mouri a limenm, e vivan nan Kris, e l te fè tout sak te rete a. Se vre! Se sa l ye.

72 Frè Batis yo byen. Men, yon milyon an plis, sak gen de bon ak sa? Ou te yon milyon non an plis. Oke , jis poze w epi fabrike kèk si w vle mete yo la a. Se trè byen, men, frè, sa n vle se non nan Liv Lavi ayo a, touye depi nan fondasyon mond lan, lave nan san an, ranpli ak Sentespri a, siy ak mirak yo ap swiv ou .

73 Fouye nan istwa yo. M swete nou ta jwen Konsèy Nise yo epi li bagay sa yo, pou wè ki jan moun mati yo te kenbe flanm Lapannkòt sa a. M pral di w kounye a, frè, oumenm Batis, Methodist, e kèlkeswa sa w ou ye a, vrè limyè otantik la ... se pa òganizasyon pantkotist lan, kounye a ; men vre a, limyè otantik la se Eksperyans pannkotis la. Anba a... Mwen te pase dè jou e dè jou kounye a, istwa sa yo, fouye yo nan tout sa kem ka jwenn toupatou, e se flanm Lapannkòt sa a ki te rete vivan soti nan Pannkòt desann nan tan sa a. Wi mesye! M te a bout.

74 Kèk nan yo di, "ebyen, gran legliz katolik sa a te rezizte ak tout vag yo. Poukisa, li pwouve li se vrè Legliz la. " Poukisa, se pa yon bagay etranj pou mwen, ak leta a ak tout lòt bagay dèyè l, li te kapab egziste. Men sa k – sak etranj lan nan sa, se ti pake moun ki rale kò yo a, ti kras minorite sa , choute yo deyò, voye yo nan prizon, siye yo an moso. Kouman yo te fè pou yo te egziste? Paske Lespri Bondye vivan an te antre nan yo. E tout demon lanfè pa ka met men l sou yo! " Sou wòch sa a mwen pral bati Legliz mwen, e pòt lanfè yo, pap gen predominans sou li."Men vrè bagay la. Se sak bay Predikatè Metodis yo Sentespri a e latriye, isit la. Ou wè, li fè yo leve, li fè yon bagay pou ou. Li pap janm fayi.

75 Akab, Ipokrit sa a. Ou wè, li ale, li di , " Koulye a, si m te kapab jis konsolide kounye a, epi pran gwo nasyon sa a. Men, si mwen marye pitit fi vye nonm sa a la baa, bon, sa ... nou - nou pral zanmi ". Ki sal tap fè ? ap vann dwa denès li a menm.

76 Apre sa, lè legliz Pwotestan an retounen epi ini l ak legliz Katolik la, li pral fè menm bagay la li te fè nan tan lontan an. Akab te viv nan jou ke ...

77 Sa te fè twa fwa. Li te nan eksperyans minwui nan vwayaj pèp Izrayèl la, epi menl rive yon minwi ankò , epi nou rive nan minwi an ankò isit la. Twa jenerasyon anvan sa; te antre isit la, isit la , epi isit la.

78 Koulye a, si w remake, Akab marye Jezabèl pou ranfòse moun li yo. Se egzakteman sa Konstanten te fè. Li mete yon gwo gwo legliz kanpe, epi l te pran lotèl la el te fè yon gwo mab, li te abiye yon nonm, Pap la, mete l la a. Li te yon dye vivan, li te ka pale ak yo, epi—epi pale l de peche yo, e sa te jis fè vye legliz tyèd sa a plezi epi yo te met deyò. Sèten! Se sa l ye! Oke , men sa pat fè nom ki te ne de nouvo a plèzi. Lè yo te pran sa epi mennen seremoni payen yo kap resite priyè. Ki sa ke yo te fè? Yo te desann Jipitè, epi monte Pyè. Yo te desann Venis, epi monte Mari. Epi kisa sa te te pote - li te pote paganis nan mitan kretyen yo.

79 Kan Akab te marye Jezabèl, li te fè egzakteman menm bagay la. Li te mennen idolatri an Izrayèl. E kisa Jezabèl te fè? Li te touye chak pwofèt li te ka met men sou yo. Èske se vre? Menm bagay pou pap yo. Chak vrè Kretyen yo te met men sou yo, yo te touye yo.

80 Men te gen etwal laj sa, ansyen Eli! O, wi, mesye! Li pat pè di yo konsènan sa. Wi, mesye! Li te etwal Bondye pou aj sa. Li te desann yon fwa li te di: "Seyè, se mwen sèl ki rete."

81 Bondye te di: "Bon, tann yon minit, tann yon minit, tann yon minit, Eli." En-en. "Mwen gen kanmenm sèt san ki kache toupatou, laba. Ou wè? Ou pa konn kote yo ye. Yo deyò a la, Farizyen, Sadiseyen, Batis, Metodis, epi Prezbiteryen, men Mwen va--Mwen va fè yo soti la, jis ret tann. Ou wè? M ap fè yo soti la. Gen...yo--yo--yo se pa M, e yo poko koube devan Baal ankò." Men ansyen Eli se te Vwa Bondye nan jou sa. Sèten li te tip menm Vwa Bondye lè premye vini Kris la, e sa va yon tip Vwa a lè dezyèm vini Kris la ankò, dapre Lèzekriti.

82 Kounye a, nou jwenn ke ti Jezabèl sa, lè l te rive la, li vrèman ta pral detwi tout otèl Bondye yo pou mete pwòp otèl pa l. E li te fè Izrayelit yo koube devan idòl. Se egzakteman sa Konstanten te fè lè l te fòme legliz Katolik. Li te mennen bagay payen nan--nan legliz Kretyen

an, e li te fè Kreyen yo koube devan idòl. Se egzakteman aj tenèb ankò; aj tenèb pou Izrayèl, aj tenèb pou--pou legliz; koube devan idòl. E Eli te etwal la nan jou pa l.

83 E sa te lakoz tout Izrayèl vin ap adore Baal, e se menm jan pou legliz Katolik a Tiyati.

84 Bon, mwen vle w remake yon lòt bagay frapan la, se la ke m te refere m a listwa isi a. Jezi te di ke li te sa...te rele tèt li pwofetès. “Fanm sa Jezabèl, ki rele tèt li (rele tèt li) pwofetès.” Bon, ou wè, legliz Katolik pa pèmèt moun li yo li Labib paske yo di ke prèt la se sèl moun ki ka Divinman entèprete Pawòl sa.

85 Ebyen, sa se vrè entèpretasyon de yon pwofèt. Yon pwofèt gen entèpretasyon Divin Pawòl Bondye a. Se egzakteman vre. Kijan yon moun ka rele yon lòt, yon moun, “on pwofèt” e apre sa di: “li gen fo revelasyon an”? Se jis prèske menm sans avèk kesyon fis Etènèl la ankò, ou wè. Ou wè? Ou wè, se--se...Yon *pwofèt* vle di “deven ki kòrèk la, sila ke Pawòl Seyè a vin a li a, revelasyon an vin a limenm.” Mo *pwofèt* la vle di “yon deven Pawòl Diven an.” Jezi te di: “Si gen youn pami nou ki espiryèl oswa pwofèt, Mwen Seyè a va pale avè l. E si sa l di a rive, alò tande l, Mwen avèk li. Si sa pa rive, alò pa tande l.” Se tou. Se te--se te Pawòl Diven Bondye a, e Pawòl Seyè a te vin a pwofèt yo.

86 Kounye a, yo te di ke *legliz* sa alò te “yon pwofèt.” Bon sonje, sa te chanje de Nikolayit sa kounye a, sa te chanje a yon “*fanm*” Nou wè li? Yon “Jezabèl.” Bon, yèswa se te “doktrin Balaam.” Ou wè, “doktrin Nikolayit yo” e “doktrin Balaam.”

87 Bon, Balaam se te sila ki te kòwonp Izrayèl la. E kisa Nikolayit yo--yo--yo te fè? Yo te fabrike òganizasyon. Kifè mete toulède ansanm e ou te gen yon *fanm*, “legliz.” Sèten! Apokalips 17, “Grann pwostitiye a ki chita sou pakèt dlo yo.” Fanm, pwostitiye. Kisa l ye, oswa kijan l fè yon pwostitiye? Li t ap komèt fònikasyon, fònikasyon espiryèl, ap mal entèprete Pawòl la pou moun yo. Elwaye w de bagay fanatik sa! Sa se vrè fanatik. Se vre.

88 Bon, ou wè, li rele tèt li pwofetès, “Se nou menm! Se nou ki konsil la! Se nou ki konsil Lawodise a ankò, konsil lèzòm, e nou te deside *sesi*, ak *sela*, ak se lòt bò. Kifè tande nou!” Men...

89 Ti prèt sa--sa anwo a la t ap entèvyouve m konsènan Elizabeth Frazier, oswa tifi Frazier sa. Li te di: “Kadinal la vle konnen si w pral...oswa evèk la, si w te batize tifi Frazier sa.” Li te di: “Li vin Katolik.”

Mwen te di: “Ya, mwen konprann sa.”

Li te di: “Èske--èske w te batize l?”

Mwen te reponn: “Wi, mesye.”

Li te di: “Kijan w te batize l?”

Mwen te reponn: “Selon batèm Kretyen.” En-en.

Li te di: “Ebyen, ki sa w vle di pa bagay sa?”

Mwen te di: “batèm Kretyen, jan Bib la di l la. Gen sèlman yon sèl fason pou batize selon batèm Kretyen. Chak moun nan Bib la te plonje imèje anba dlo lan Non ‘Jezikri.’”

90 Li te ekri, te kòmanse ap ekri konsa. Li te di: “Ou konnen, legliz katolik te abitye fè sa.”

M te di: “Kilè?” M te di: “M gen tout liv istwa ansyen yo la ke m te ka jwenn, soti a Lond ak tout lòt kote.” Kifè m te ka etidye pou lè moman sa ta pral rive byen vit, lè yon bagay pral rive. Hmm. Mwen te di: “Mwen--mwen vle konnen kilè.” M pral...

Li te di: “O,” li te di, “nan Bib la.”

Mwen te reponn: “Èske w vle di ke...?”

Li te di; “Jezi te òganize legliz Katolik.”

Mwen te di: “Èske Pyè se te premye pap la, alò?”

Li te reponn: “Trè sètènman.”

Mwen te di: “M te panse ‘legliz te enfayib e ke li pat chanje, ak tout lamès yo an laten pou l te ka pa chanje.’”

Li te di: “Se vre.”

91 Mwen te di: “Ebyen, se sèten nou te fè kèk chanjman depi tan sa.” Mwen te ajoute: “Si Bib sa se yon liv Katolik, alò mwen se yon Katolik a lansyèn mòd.” Ou wè? Se vre. Mwen te di, “Mwen se yon Katolik a lansyèn mòd, alò.” E mwen te ajoute, “Se sèten te gen...”

Li te di: “Ebyen, kounye a, ou wè, Bib la se jis istwa legliz Katolik.” Li te di: “Bondye nan legliz Li.”

M te reponn: “Bondye nan Pawòl Li.” Se vre.

92 “Ke Pawòl Mwen kapab vre, e tout pawòl yon lòt moun se manti.” E la nan Liv Apokalips sa se sèl Liv (Kite m repete l.) ke Jezi mete siyati L sou li. E premye bagay Li te fè se te revele Divinite Li, e Li fè l konplètman. E Li te di: “Nenpòt moun ki va retire kèlkeswa bagay la oswa ki va ajoute kèlkeswa bagay la ladan L, menm bagay la va retranche (pati pa l la) soti nan Liv

Lavi a. Benediksyon pou sa k ap li a, oswa sa k ap tandè a. E madichon pou sa ki va ajoute yon bagay oswa ki va retire kwakseswa a ladan L.” Men ni, kifè ou wè pati ki se danje a. Kifè pa janm ajoute anyen sou Sa; jis kite L jan L ye a, e jis kontinye ap avanse.

93 Lespri va revele L pou ou si ou va jis fè w piti, mande L. Ou wè? Se vre. Bon, kifè se pa konplike. Bondye...Jezi te remèsye Papa a poutèt...t ap di: “Mwen remèsye W, Papa, deske Ou te kache bagay sa yo lwen jye raben yo, ak evèk yo, ak kadinal yo, siveyan jeneral yo, e-e Ou te revele L bay ti bebe ki vle aprann. Ou wè?”

94 Sa se sa w vle. Se yon revelasyon Bondye k ap vini sèlman jan Li di l la, “Kimoun lèzòm di ke Mwen ye?”

Li te di: “Ou se Kris la, Pitit Bondye Vivan an.”

95 Li te di: “Simon, ou pat janm aprann sa nan yon seminè. Ou wè? Pèsonn pat janm te di w sa. Sa te vini, se te yon revelasyon ki sot nan Syèl. E sou wòch sa M va bati Legliz Mwen, e pòt lanfè pap ka konbat kont Li.”

96 Se egzakteman revelasyon ke Abèl te genyen o kòmansman. Se revelasyon an; se sa l te ye lè sa, se ankò revelasyon an, e sa va toujou revelasyon an. Se vre.

97 Bon, nou jwenn la ke se te yon fanm kounye a, e yon *fanm* reprezante “legliz.” (Èske se vre? Kris ap vini pou kiyès? Lepouz, yon fanm, yon vyèj pi.) E vye fanm lan la, pretann pou tèt li ke li se Legliz Bondye; men, sa ke l te ye, li te abiye ak richès ak pèl, ak tout bagay, e li te gen yon koup ak salte fònikasyon l yo, ki te rann tout wa sou latè sou avèk diven ki ladan l. Èske se vre?

98 Bon, nou jwenn li la ke yo rele l “Jezabèl.” E Jezabèl, mechanste Jezabèl te fè, menm kote li te gen aksè pami Timoun Izrayelit yo, li te touye yo e l te fè tout sa l te kapab, e--e li te bati pwòp otèl pa l. Èske se vre? Se egzakteman sa legliz Katolik te fè. Se sa egzakteman. Men annou li kounye a jis on tijan pi lwen. Sa pral ebranle w. Pafwa ou ebranle, pou w ka manje on tijan plis.

...*te rele tèt li pwofetès*, (Bon, si li di: “mwen se sèl entèprèt Pawòl la.”) e l ap anseye epi sedwi *sèvitè m yo ki te komèt fònikasyon*,...*ap manje bagay ki te sakrifye pou idòl*.

99 Frè sa ki t ap poze kesyon konsènan “sèpan an,” konsènan “manje fwi nan jaden Edenn lan.” Ou wè kisa sa ye (Se pa vre?) lè Li te di: “manje,” la. Sa sa te ye, se te lan sans espiritiyèl, ou wè. E...e...

E Mwen te ba l tan pou l repanti pou

fònikasyon--fònikasyon I; men li pat repanti.

Men ni. Mwen pral chase I mete I sou yon kabann,...(Kijan de kabann? Bagay lemond. Se egzakteman sa li ye jodi a.)...e sa yo ki te komèt adiltè avè I nan grann tribilasyon, sof si yo repanti de zèv yo. (Sa pral ale nan Grann tribilasyon.)

E...pral touye pitit li yo ak lanmò;...

100 Waou! Li kisa? Vye fanm sa te gen pitit. Bon Apokalips 17. Konbyen nan nou...? Nou tout te la yèswa, mwen kwè. Dakò. Apokalips 17, vye pwostitiye sa, legliz Katolik, yo te rele I yon "pwostitiye," e li te yon "manman fanm movèz vi." Sa pat ka ti gason, yo te legliz.

101 Kounye a ki kote legliz Literyen, ki kote tout sa yo soti? Ki kote chak òganizasyon te soti? Kote kòmansman sa, Lawodise? Nikolayit yo te finalman fòme pou vin sa; se egzakteman menm bagay la ankò. Ou paka anpeche sa, frè. O, Eli te kriye kont bagay sa nan tan pa I la. Jan te kriye kont li nan tan pa I la. Wi, mesye! Pa panse di nan kè w, "Nou gen Abraham kòm papa nou: paske Mwen di Bondye kapab pwodwi pitit Abraham apati de wòch sa yo." Ou wè? Ou jis paka anpeche I.

102 Bon, li te gen pitit. Èske vrè Jezabèl la te gen pitit? Wi, mesye! Tande:

...M pral touye pitit li yo...

103 Kisa? Legliz Katolik, pitit li yo se denominasyon Pwotestan yo. Ou wè, se sa egzakteman, paske y ap fè menm bagay la. Ap batize jis ak vye batèm yo a, yon batèm ki pa selon lèzekriti; ap bay lanmen nan plas Sentespri a; "Pè, Fis, e Sentespri" olye de "Jezikri." Epi jis ap fè tout bagay kontrè a Bib la. Jouk kounye a! E yo te dirije yo drèt ladan I.

104 Pitit fi I te rele Atali, A-t-a-l-i. Li te gen...Li menm, Jezabèl, te marye Atali avèk Joram, pitit wa Jida a, ebyen prese prese otèl Baal yo te drese nan Jerizalèm. Kounye a, ou pa menm bezwen konsilte istwa pou sa, sa nan Bib la. Ou wè? Pitit fi li, Atali, te marye ak pitit Jozafa, ki te Joram. E pitit fi I yo te fè menm bagay li te fè.

105 O, la la! Èske w paka wè sa? Gade kijan òganizasyon sa yo te fè I, frè? Yo te retounen toutswit atravè Litè avèk yo, jis egzakteman, epi yo te òganize tèt yo ansanm olye pou yo te kite Sentespri a. E Pannkotis te fè menm bagay la egzakteman. Yo jis patka kite Sentespri a avanse epi aji fason pa L, ap vanse; e chak limyè te vini, jis egzamine I avèk Pawò la, epi avanse. Yo patka kite Sentespri a dirije, yo te oblije fè yon òganizasyon epi separe yo de tout lòt bagay ki t ap prezante. Te retounen drèt pou marye ak bagay sa yo ankò! Jis egzakteman. Kan nou rive nan aj sa, jis siveye sa k ap tann ou sou wout la. Ou wè? Te marye drèt nan sa

ankò. Jezi di la: “Li...Jezabèl sa, li rele tèt li ‘pwofetès,’ e M va chase l mete l sou yon kabann bagay lemond, e m pral touye pitit li yo tou” (Bon, kijan de...?) “ak lanmò.”

106 Kisa se...kijan de lanmò ki pral touye pitit li yo? Nou wè yo mouri kounye a! Lanmò nan sans espiyèl! Yo pa gen okenn revelasyon! Yo konn òganizasyon yo, yo konn katechis yo, yo konn doktrin legliz yo; men lè li kesyon de konnen Bondye, kèk ladan yo pa konn plis sou Sa ke yon Otoktòn te ka konnen sou pyès klasik nwit Ejipsyen an; se vre, lè li kesyon de vrèman konnen Sentespri a. Ap poze kesyon; ap rele Sa...ap rele Sentespri Bondye a yon “deven,” oswa yon “demon,”...k ap disène espri, ak bagay konsa, epi ap chase movèz espri. “Enben, li pa fè pati de òganizasyon nou an. Gwoup sa, o, brrr.” Ou wè, yo jis pa konnen. E apre sa mete yon etikèt sou Li ak yon--yon non “Jezi Sèl” osinon yon jan de “egzalte,” oubyen-oubyen yon jan de bagay konsa. Yo jis pa konnen!

107 E lè a pwòch kote bagay sa pral ekspoze. Se egzaktman sa. Bondye va fè sa osi sèten ke mwen kanpe dèyè chè sa, paske Li va rale timoun Li yo soti deyò osi sèten ke mwen kanpe drèt la. Bondye nan Syèl la konn sa. Nou kwè m antan ke pwofèt Seyè a, yon sèvitè Seyè a, tandè m. Li tou pwòch. Wi, mesye.

108 “Pitit li yo pral mouri avèk lanmò espiyèl.” Gade yo: frèt epi fòmèl. Gade...gade...Nou pa menm bezwwen pale de Batis ak Prezbiteryen, nou konnen yo te mouri depi dèz ane. Kisa...

109 Kan Litè te gen revèy li a, jistifikasyon, si l te...Si l te kontinye, gwo mouvman Pannkotis sa--sa kounye a t ap legliz Literyen. Limyè a t ap vini pa sanktifikasyon, Wesle t ap swiv. Limenm...Litè pat ka swiv sa. Non, mesye, yo te deja Literyen.

110 Kifè apre sa Wesle te vini. Aprè lanmò Wesle, sa k te rive answit? Yo te òganize sa, e yo te vin Metodis Wesleyen, Wes- Primitif...o, tout jan de Metodis. Ou wè? E kan...Yo te gen yon gran revèy, men kan yo te foure kò yo nan òganizasyon, kisa k te rive kan Pannkot te vini ap pale an lang epi mennen restorasyon don yo? Yo pat ka bouje; yo te rele yo demon.

111 Bon kisa Pannkot te fè? Menm bagay yo te fè a! E ki kote yo rive? Jis mouri tankou yon klou ki klouwe sou yon pòt. Wi, mesye! Se egzak. “Mwen pral voye pitit li yo sou yon kabann--yon kabann lanmò, epi touye yo.” Ebyen, kite--kite m li sa konsa ou va wè l la, mwen kwè se te vèsè 22:

E Mwen va jete l son yon kabann, e sa yo ki komèt adiltè avè l nan grann tribilasyon, (Grann Tribilasyon an--an)...

112 Se sa k ap pase la. Kounye a sonje, kite m stope la jis yon minit, Grann Tribilasyon sa se sa--sa ki pral rive la, se moun sa yo ki se vyèj andòmi yo ki pat gen lwil nan lanp yo a; poutan yo fè pati de òganizasyon, bon moun, ki pral legliz, tout bagay; men yo te vini pou lwil, men li te two ta. Ou wè, jete l nan Grann Tribilasyon, li va ale nan sa, legliz Katolik pral la, tout pitit li yo va antre avèk li, nan Grann Tribilasyon.

...Sof si yo repanti de zèv yo.

113 Pa--pa--pitit ki anndan la; men legliz limenm, se pitit li yo (se òganizasyon an), pa moun yo ki ladan l lan, tankou pòv Katolik yo, Batis, Prezbiteryen, oswa Pannkotis. Mwen gen pitye pou yo. Jis, "Ebyen, Mwen..."

"Èske w se Kreyen?"

"Ebyen, mwen se Prezbiteryen." O!

114 Sa pa plis gen rapò avèk Sa ke pou di "yon kochon avèk yon sèl cheval sou do l te lan kous cheval la." Kifè kisa w ap janm ka fè pou sa? Enben, anyen ditou. Mwen pa vle di sa pou blage la, se...se pa...se pa plas pou fè blag, se--se Levanjil. Ou wè? Mwen jis te vle bay yon egzanp. Ou wè, men se--se kòrèk. Ou wè, yo pa gen anyen--anyen pou l wè avèk Sa ke anyen.

"Mwen se Pannkotis."

115 Sa pa gen anyen pou l wè avèk Sa ke anyen. Ou kapab fè pati de karant-onz òganizsyon pa yo, men èske w se yon pitit Bondye ne-de-nouvo? Vrèman, èske w renmen tout moun ak tout kè w, ak nanm ou, epi ou renmen Bondye, e chak jou ou...pe enpòt sa kèlkeswa moun lan fè w? Si w vire pou di: "Hmm!" tankou yon vonvon, sa jis montre ke Sentespri a te pati ale, si w te janm genyen L.

116 Gade:

...sof si li repanti de zèv sa yo.

E Mwen va touye pitit li yo avèk lanmò,...

117 "Piti li," pitit Jezabèl. Kounye a, kisa Jezabèl te fè? Li te marye pitit fi l la nan lòt ran (Jida) laba, la pami Jida. Bon siveye aplikasyon espirityèl la. Petèt m te ka desine l. Men ni, siveye sa byen avèk atansyon kounye a:

118 *Men* Jezabèl, e Izrayèl. Kounye a *men* Jida, yon kategori diferan laba a, yon lòt tip; sa a se Jozafa la a. Dakò. Bon, sa *la* se te Akab; bon men Jezabèl drèt *isit la*. Kounye a, li te antre *la* e l te lakoz tout Izrayèl ale nan idolatri.

119 Se egzakteman sa legliz Katolik te fè laba nan tan l yo kan Konstanten te ini Nikolayit yo (sa ki frèt fòmèl yo anwo a *la*) ak--ak--legliz epi bagay payen, pou te fè yon fòm payen Kreyente a. Mwen pa vle blese santiman w, moun Katolik yo, men mwen responsab devan Bondye. Se tou sa ke legliz Katolik ye, se yon fòm payen de Kreyente: sipèstisyon, ak idòl, ak tout lòt bagay. Se egzakteman vre, jis yon fòm payen. Bon, se vre. Menm si m ta gen pou mouri nan yon minit, sa se verite. E pwotestan yo jis nan menm bagay la, jis nan yon lòt kategori.

120 Kounye a siveye sa Jezabèl te fè. Apre sa, ou wè, dyab la--la...Li te tèlman abandone l, li te pran pitit fi l yo. li te gen yon pitit fi ki te ne *isit la*, e pitit fi sa te ale *laba* jwenn gran òm sen sa e li te pran epi marye pitit li; e li te mennen menm bagay la anndan *la* soti de Jozafa, pou antre nan pati sa.

121 Kounye a, vrè Niyolayit la, Nikolayit yo, sa k frèt fòmèl ki te vle òganizasyon sa, yo te marye antre ladan l *isit la*. E kounye a remake menm bagay la. Yo te pran Jezabèl *isit la* (legliz Katolik), e anba la li te pran pitit fi l la (òganizasyon l yo) e li te marye l drèt ladan yo anba la, e te fè yo menm bagay la. "Touye pitit li yo avèk lanmò," lanmò espiryèl. Òganize tèt yo pou lanmò, e premye bagay ou te konnen, Lespri o konplè te pati.

122 Di mwen. Kite m jis mande w yon bagay, nenpòt istòryen isi a, e m konnen genyen senk a sis ki chita la. M vle w vini pou banm yon Ekriti oswa--oswa yon tèks istwa, kote nenpòt nan legliz sa yo ki te tonbe epi retounen nan òganizasyon te janm resisite avèk yon revèy. Di mwen. Kan yo te òganize tèt yo, èske yo te janm gen yon revèy apre yo te òganize? Non, mesye! Lespri te kite yo. Mwen enkli Pannkotis.

123 Kan Benediksyon Pannkotis yo te tonbe, e nou tout te pale an lang noumenm ansyen yo, ki te gen gwo Benediksyon Pannkotis yo ak bagay konsa, ki te tonbe a. Apre yon ti tan nou te gen sa ke nou te rele Konsil Jeneral la. Òganize se kòrèk, men pa òganizasyon. Premye sa w te konnen, nou pat kapab tolere l, nou te oblije retounen dèyè pou vin "yon pitit...Satan," epi òganize tèt nou.

124 E apre sa yon lòt Limyè te vini, konsènan Non Jezikri. Answit yo te tou melanje, ap di: "Benediksyon pou Bondye, si w pa gen non Jezi a, ou pral nan lanfè. Nou te genyen L, e oumenm ou pat genyen L." Kisa yo te fè? Yo te jis mouri drèt la nan chantye yo; yo te monte yon òganizasyon avèk sa. Ou wè? Olye pou yo te lese Limyè a jis ap koule atravè legliz, li t

ap pran plas li otomatikman. Men ou te òganize pwòp tèt ou. Kisa sa te ye? Yon pitit Jezabèl. E yo tout te mouri, ansanm.

125 Kounye a mwen vle mande w yon bagay. Èske Asanble de Dye yo, oswa Initè yo, oswa-oswa nenpòt nan rès yo te janm resisite nan yon gran revèy ini? Pa ditou! Dènye revèy sa te jis pase ale, lè Sentespri a te desann nan rivyè a (anpil nan nou ki chita la kounye a) an 1933, e gran sèvis gerizon te konn rive, te di: “li va baleye lemond,” e li pat janm vini atravè okenn diferan òganizasyon yo ditou. Bondye te soti kite sèk yo e li te sisite yon payen, prèske, pou kòmanse revèy sa. E gade sa Sa te fè! Ou wè?

126 Òganizasyon sa yo, menm kote yo te òganize yo, yo te mouri. Li te di: “Mwen pral touye pitit li yo avèk lanmò.” O, la la! Mwen konnen ou...Pa move sou mwen souple, men Mwen...Si mwen konnen Sa a epi m pa di L, mwen se pi move ipokrit la, e Bondye va rann mwen responsab pou Sa. Mwen vle tankou Pòl, “Pa wont deklare tout konsèy Bondye yo.” Se vre. Dakò. Dakò.

127 Bon, e yo te bati otèl nan Jerizalèm. Kounye a mwen vle w wè...E kan Jezabèl te marye ak Akab, li te mennen imaj pou fè Izrayèl koube desann. Menm bagay la pou doktrin Nikolayit la, ap marye ak payen; te ranplase Jipitè, pa Pyè, e Venis, pa Mari, e jan Bib la di a, “Li te koz Izrayèl peche.”

128 Kifè menm jan an legliz Katolik te koz tout pitit fi yo marye ak òganizasyon, e tout bagay la te peche, tankou Jezabèl te fè l pou pitit fi l la. Dakò. E lè sa te fèt kan yerachi a te tabli, ak Pap Bonifas--Bonifas III te monte sou twòn li e yo te gen yon--yon dye sou yon twòn, yo pat gen okenn bezwen pou yon batèm Sentespri nan legliz. Se vre. Yo te gen kredo yo ak fòmalitye yo, elatriye.

129 E kan òganizasyon an te aksepte menm dògm, yo te debarase yo avèk libète Sentespri pou legliz, Batis, Prezbiteryen, Metodis, elatriye. Se sèten yo te fè sa! E tikras pa tikras nou wè yo te seche epi mouri menm jan Jezi te di l pou diven an. Bon, tout Sentespri sou fòm siy ak mèvyè yo te mete sa pou tan pase. E yo te vin rich, jan li te fè l la. Kifè li koz lemond antye peche, paske li te detounen chak nasyon, limenm ak pitit fi l yo. Se vre.

130 Kounye a gade L k ap rele l n on lòt laj legliz kounye a. Gade L k ap rele l. Gade L k ap plede isi a nan fen an, epi retire Rès pa L yo, “pou byen Eli a,” jis on tikal, ke okenn chè pa tap sove si...lòt la non.

131 Jan sa ekri nan Apokalips 13:6. Nou ta renmen rive nan sa a jis n on minit? Ke L te di Li...ke “Fanm sa a te lakòz yo tout resevwa on mak (bèt sa a ki fè l), te lakòz yo tout resevwa

on mak (ni pòv, gran, kèlkeswa moun yo te ye a), on mak bèt la,” ki te Legliz Katolik Women an.

132 Youn nan sa a oswa yo te f on imaj...Apokalips 13:14, yo te f on imaj pou bèt la. Nou-nou...m imajine nou tout ap li sa a. Si nou pa fè l, pouki, n ap retounen dwat dèyè epi li l. Apokalips 13:14:

E li te twonpe *moun ki rete sou latè yo pa mwayen mirak sa yo ke l te gen pouvwa pou l fè devan je bèt la; (Sa se konfederasyon legliz sa a.)... e pou l devan je bèt la; ap di sila yo ki te abite sou latè, pou yo te fè yon estati bèt ki te blese amò (relijyon payen)...e se te ak kout nepe a, e ki te byen vivan an... (atravè papote a, Wòm payen bay Wò papal. Ou wè?)*

133 “Fè on imaj pou li.” Kisa sa tap ye? Jis sa yap fè kounye a menm, jis egzakteman, ap deplase al nan konfederasyon legliz sa a, “Tout legliz yo se pou òganizasyon sa a, yo tout al n on sèl gwoup.” Kounye a yap pran on Bib. Epi Pap Jan te envite yo tout ankò. Achevèk Canterbury a, tout nan viwonn lan. Premye bagay ou konnen, tout bagay la retounen dwat bay *Manman*, paske yo se pwostitye pou kòmanse. Ou wè? Yo di: “Nou tout ap reyini n on sèl gwo kòz pou konbat Kiminis.” E yo pa konnen ke Bondye te leve Kominis (m ka pwouve sa pa Bib sa a.) e menm mete nan lespri yo pou yo vanje sen yo, de san an ke yo te fè koule sou latè. Bondye te òganize Kiminis jis menm jan l te fè Wa Kibudchadnezar pou-pou chatye Izrayèl. Li te leve Kominis, epi yon jou l ap eksploze Wòm, fè l disparèt sou kat la. [Pati blanch sou kasèt la-Editè a.] Se sa egzakteman. Bondye te di sa. Se vre.

M kont kominis; sa kont Bondye. Sèten se sa l ye. Men piga w fè sitèlman atansyon a Rido Fè sa a, men gade rido mòv sa a. Li *Liv Mati* Foxe la epi w ap wè sa a, se vre.

134 Kounye a ann wè kote nou...E apres a nou wè isi a kounye a ke l te lakòz yo tout (rich, pòv) resevwa on mak; men g on sèl klas ke l pat ka manyen. Nou konn sa? Apokalips 13:...8.

135 Koute sa. Kite m li sa:

Aprè sa, mwen wè yon bèt ki t'ap soti nan lanmè yo, li te gen dis kòn ak sèt tèt,...sou kòn yo...kouwòn yo, e sou tèt yo non blasfèm lan. (Sa se sèt bit yo; nou te pran tout yè swa, ou konnen.)

E bèt mwen te wè a te sanble ak yon leopa,...pat li yo te plat tankou-tankou lous la, e bouch li...bouch on lyon: e dragon an (Ki te dyab wouj la ki te kanpe devan fanm lan pou l devore pitit li a, ki te Wòm, nou tout konnen.)...epi te ba li...pouvwa, epi plas li te chita a, epi gwo otorite.

Epi m te wè *yonn nan tèt li yo te resevwa yon blese ki te manke touye li;* (religyon payen, ou wè)...*e blese mòtèl li a te geri:* (bagay pap pran plas li, te met ansanm ak Kreyète, ak Nikolayit yo)...*e tout mond lan te sezi wè sa, yo pran swiv bèt la.*

136 Katolisis te simaye nan chak nasyon anba syèl la. Se vre. Tankou Danyèl te di sou fè ki pral nan ajil la, e latriye.

137 E m ap ban nou on ti bagay sou sa, “fè ak ajil” sa a. Èske n te remake, oswa èske m te janm ban nou sitasyon pou li a, nan dènye gran konferans sa yo te genyen anwo isi a kote Khrushchev te retire soulye l epi frape tab la avè l? Te gen senk nasyon nan lès ki te rasanble la a, te gen senk nasyon nan lwès. Khrushchev te nan tèt nasyon nan lès yo, Eisenhower te nan tèt nasyon nan lwès yo, men de prensipal lidè yo, de gwo zòtèy yo. *Khrushchev* nan Risi, vle di “ajil.” Eisenhower, nan Amer-...an Anglè, vle di “fè.” Nou nan fen an.

E yo pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li: e...(Sa se pwochen mesaj nou an isi a nan tabènak la, nou konprann)...*e yo te adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? e kilès ki ka goumen avè li?*

138 Nan lòt mo, gad isi a. Eisenhower te-te g on gwo non isi a nan Etazini sa a, men nan Wòm li pa anyen; Risi, li pa anyen. Pa Khrushchev la gwo nan Risi, men Ozetazini li pa anyen. Men gen yon nonm ki gwo toupatou, sa se pap sa (Se vre.) “Ann òganize tèt nou ansanm, epi ann rasanble.”

E *bèt la te resevwa on bouch pou l di gwo bagay...blasfèm;...yo te ba l' pouvwa pou l kontinye pandan karannde mwa.*

Epi l te louvri bouch li epi li te fè blasfèm sou *Bondye*, (e “anseye kòm doktrin kòmandman lèzòm; fè kòlè fasil, gen lògèy ki va gonfle lestomak, renmen plezi; gen yon fòm tankou y ap sèvi Bondye, renye Pouvwa ki nan li”)...*e te blasfeme non li, (Te pran “Papa, Pitit, ak Sentespri” nan plas “Seyè Jezikri” a. Ou wè.)...ak tabènak li, ak sila yo ki te rete nan...nan-nan syèl la.*

E yo te *ba l' pouvwa pou l fè lagè ak tout sen yo, (men pèsekisyon an k ap leve)... e pou l te genyen batay la sou yo. E yo te ba l' pouvwa sou moun tout ras,...lang, ak tout nasyon.*

E tout moun ki abite sou latè-latè pral adore l', sila yo ki pa t' gen non yo ekri nan liv lavi a ki pou ti Mouton yo te touye a depi nan fondasyon mond lan. (O, o, o, o, o, o, o.)

139 “Fondasyon mond lan.” Non nou, si yo te janm sou Liv la, yo te mete yo dèyè la a. Jezi te di: “Okenn moun pa ka vin jwenn Mwen sòf si Papa m rale l vini an premye, e tout sila yo ke Papa a te ban Mwen ap vin jwenn Mwen. Mouton M yo koute Vwa M,” (Sa se Manje an, ou wè.) “e yon etranje...”

140 Alò l ka di: “Ebyen, m fèk antre nan legliz la, m bon menm jan avè w.” Sa se pa Manje mouton.

141 *Men* Manje mouton: “Chita ansanm nan plas ki nan Syèl nan Kris.” O, Li sitèlman mèveye! Se pa vre? Trè byen.

142 Kounye a ann fini la menm rapid paske, ya, tan an pase kounye a. Trè byen. “Men m di...” Ann wè kounye a, m gen vèsè 23 an:

E m'ap fè pitit li yo mouri. Konsa, tout legliz yo va konnen mwen se moun ki va konn fouye nan ren ak nan kè yo. E m'ap bay chak nan nou sa yo merite dapre sa yo fè.

Men pou nou menm, e a sila yo ki rete nan Tiyati otan nan yo ki pa gen doktrin sa a,...(Ki kalite doktrin sa te ye? Òganizasyon, evèk, ak achevèk, ak pap, ou wè.)

143 “Pa t gen doktrin sa a.” Kounye a, Bib la, nou te dekouvri yè swa ke Izrayèl, k ap vini nan Moab, yo pat on nasyon. Yo te rete sou fas latè a, e yo t on pèp, lib. Èske se vre? On tip; moun k ap mache pwomennen, nan tant e latrye. Gwoup pannkotis yo se menm fason an, vrè pannkot la, mache pwomennen sot on kote al n on lòt. Ou wè? Trè byen.

...e pat gen doktrin sa a (men òganize tèt yo, epi fè on gran òganizasyon sot ladan l)...ki pat gen sa a...e ki pa t' konnen pwofondè Satan yo,...

144 Kounye a sonje n te dekouvri kote syèj Satan an te ye. Yè swa nou te pran l dèyè a nèt nan kòmansman an. Kote syèj li te ye nan kòmansman an? Babylòn. E Babylòn...Lè yerachi a-a, on prèt-wa nan Babylò, ke konkeran Chaldeyen yo t ap rapouswiv, li vin nan Pègam epi l te fè syèj li. Ou wè, chanje kote l te chita a sot nan tè Shinar monte nan Pègam. Nou te jis li sa dwat nan istwa yo yè swa. E kounye a men l kòmanse la a, te fòme legliz Katolik la, ki toujou manman Babylòn. Trè byen, “Plas pou Satan chita.”

...e plas pou Satan chita an, antan yo tap pale: m pap mete plis chay sou nou.

145 “Pap gen chay ankò; jis sa n te genyen deja.” Ti minorite sa a ki anndan la a, ou wè, yo tout ki kwense nan Laj Fènwa sa a. Kounye a sa fè toupre milsenksan (1500) zan depi yo te pase nan sa.

Men, kenbe sa nou genyen an byen fèm jouk jou M a tounen. (Nan lòt mo: “Nou gen Benediksyon Pannkotis la ki toujou nan kè nou. Kenbe sa jouk M vin ban nou delivrans, paske pwochen laj sa a jis ap vini nan pwochen tan an.”)

...sila ki va genyen batay la, epi ki va kenbe pawòl mwen yo jouk sa kaba, M a ba l pouvwa a sou nasyon yo,

E l a gouvènen yo ak yon baton fè, e l a kraze yo an miyèt moso tankou yon kannari yo kraze: menm jan M te resevwa l nan men Papa M.

146 Ou wè, Legliz sa a, kisa l pral ye lè Legliz Laj Fènwa sa a leve pou kanpe nan jijman kont gwoup payen sa a de...laba a? Ala yo pral kraze! Pye eren sa yo pral pile la a menm, m di nou ! “L ap kraze yo kou kannari,” se sa Bib la te di.

M'a ba yo bèl zetwal ki klere chak maten an tou. (Nou konn kisa sa ye, pa vre? Kris se Zetwal Maten an.” Trè byen.)

Se pou moun ki gen zòrèy tande sa Lespri a ap di legliz yo.

147 O la la! Èske n pa kontan! Li jis on ti kal ta. M gen kèk an plis, m ap pran l demen swa petèt, sou sa k sou desan zan an la a.

Men Li se Lis Vale a,

Zetwal Maten ki Klere a,

Se Li k pi bèl nan di mil yo pou nanm mwen;

Lis nan Vale a, nan Li sèlman mwen wè,

Tout sa m bezwen...e fè m reprann mwen nèt.

Nan chagren Li konsole m, nan pwoblèm Li refij mwen,

Li di m pote tout traka mwen ba Li. Alelouya!

Li se Lis la nan Vale a, Zetwal Maten k Klere,

Se Li k pi bèl nan dimil yo pou nanm mwen.

148 Èske n renmen L?, O, m jis:

Mwen renmen L, Mwen...(Bon ann adore L kounye a, tout Pawòl ak Mesaj sa a ki koupan.)

Paske L te renmen m an premye

E L te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

149 Èske L pa mèveye! M renmen L. Bon, bagay m pa reyisi rive ladan yo, ap nan liv yo, byensi, paske nou pa ka pote laj legliz la an antye n on sèl nwit. M t on jan kalme l on ti kal aswè a, m met sa sou kont anwe m on ti jan anwe a. Men, o, èske L pa mèveye! O! Hmm!

Gen moun prèske toupatou,

Ke kè yo tout pran dife,

Ak dife ki te tonbe sou Pannkot,

Ki netwaye yo epi fè yo pwòp;

O, l ap boule kounye a andedan kè m,

O, glwa pou Non Li!

Sitèlman m kontan m ka di m se youn nan yo.

O, youn nan yo, m se youn nan yo,

Sitèlman m kontan m ka di m se youn nan yo, Alelouya!

You nan yo, youn nan yo,

Sitèlman m kontan m ka di m se youn nan yo (Èske n kontan?)

150 M sonje m tap sot Chattanooga yon nwit; epi avyon an te anpàn nan-nan-nan Tennessee, anba la a nan Memphis. Yo te mete m anwo la nan gwo, bèl lotèl sa a la a. E yo te rele m, yo di m: "Avyon an ap pati a-a set è, nan demen maten."

151 E m tap pran kèk lèt pou m mete nan bwat a lèt la; m tap antre lakay, reponn kèk nan zanmi m. Epi antan m tap desann, Sentespri a di: "Kontinye mache." M te jis kontinye, m te rive anba a nan katye moun nwa yo.

152 M te kanpe anba la a, m te panse: "O la la! Gade, li lè pou avyon sa a ale."

153 E Sentespri a te kontinye ap di: "Kontinye mache." Jis menm jan L te fè l nan bwa yo lòt jou a anba la a, ou konnen. "Jis kontinye mache." Kidonk m te kontinye mache.

154 M te rive gad anba a nèt la a, nan youn nan ti kabàn koulè kote moun nwa yo tap viv, pòv, anba la a. Yon granmoun, *Matant Jemima* tipik, ak on chemiz gason mare nan tèt li, apiye sou...kon sa.

155 Epi m tap lonje la a ap chante:

M se...nan yo, m se youn nan yo,

Sitèlman m kontan m ka di m se youn nan yo, O, Alelouya! (“E kisa W vle, Seyè?”)

Youn nan yo, m se youn nan yo, (Èske n kwè nan Lespri a kap kondwi nou? Wi, sèten.)

Sitèlman m kontan m ka di m se youn nan yo.

156 Sa fè apeprè katòz an kounye a. Li tap gade sou tèt kloti a. M te apeprè, o, a on distans de mwaye on ranje kay ak li, epi m te wè dam granmou nwa sa ki tap gade m dwat nan je, ou konnen. Ebyen, m te jis kontinye, m sispann chante, m te kòmanse desann. M vin rive toupre l, gwo gout dlo nan je sou gwo bout machwa sa yo; li gade m, li di: “Bonjou, Pastè!”

157 M te vire tounen, m di: “Kijan w ye, Matant?” Epi l di...M te vire tounen, li t ap ri, li te g on gwo griyen dan sou figi l. M di: “Kijan w te fè konnen m t on pastè?” Anba a nan Sid, ou konnen, on *predikatè* s on “pastè.” Te di...M di: “Kijan w te fè konn m t on pastè?”

Li di: “M te konnen w t ap vini!”

Epi m di: “Kòman w fè konn sa? Èske w konnen m?”

Li di: “Non, mesye.” Epi l di: “M konnen w tap vini.” Di: “Èske w te janm tande istwa a sou fanm Shunammite la?”

M di: “Wi, mesye.”

158 Epi l di: “Ebyen,” li di: “M te jan de fanm sa a.” Li di: “E Seyè a ban m on bebe, e m te di l... te di l ke m tap leve l.” Li di: “M s on fanm pòv. M lave epi m travay pou moun blan pou m viv.” Li di: “E l te di m ke Li-Li ban m bebe a, e m te di l m tap leve l.” Li di: “M tap leve pi byen m konn pou m fè l, men” li di: “Pastè, li vin antre nan mitan move konpayi. Li pr on maladi, epi n pat konn anyen sou sa.” Li di: “Li te rive nan stad avanse a. E l ap mouri, anndan la sou kabann lan.” Li di: “Li san konesans kounye a, depi de jou.” Li di: “Mesye doktè a vini epi l di: ‘Sa fin manje kè l e latrye, t antre nan sikilasyon san l, sitèlman pa bon jouk li te domaje l; kon sa bagay sa a ke yo ba li a pa tap ede l kounye a.’” Epi l di: “L ap mouri.” Epi di: “M jis pa ka sipòte pou m wè l ap mouri, on pechè.” Epi l di: “M te lapriyè epi m te lapriyè,” di: “tout nwit la m te lapriyè.” Di: “Li san konesans, li pa konn anyen.” Di: “Li pa konn anyen depi de jou.”

159 Di: "M te lapriyè, m te di: 'Seyè, Ou ban m bebe sa a' epi di: 'menm jan W te fè fanm Shunammite la.' Di: 'Kote Eli W la? Kote...?' Di: 'Ebyen, kote-kote bagay pou ede m lan?'"

160 Epi I di: "Dòmi pran m sou jenou m." Epi I di: "Seyè a te pale avè m, nan rèv mwen," epi I di: "'Soti deyò a epi kanpe bò pòtay la. E pral g on mesye k ap desann nan lari a, I ap mete on ti chapo bèj ak on kostim fonce.' Li di: 'L ap pale avè w.'"

161 Epi I di: "M te kanpe isi a depi anvan solèy leve." E do I te mouye ak lawoze. Epi I di: "Epi m te wè w vini nan chapo bèj sa a," li di: "men ou te sipoze ap pote on ti valiz."

162 M di: "M te kite I nan lotèl la." Ou wè? Epi m di: "Gason w lan malad?"

Li di: "L ap mouri."

M di: "Non pa m se Branham." M di: "Èske w konnen m?"

Li di: "Non, mesye, Pastè Branham, m-m pat janm tande pale de ou."

M di: "M priye pou malad." Li pat enterese nan sa. Li pat vle gason I lan mouri, on pechè.

163 M t antre; yo te g on vye pòtay la ak yon pwent charèt pou sakle ki pandye sou li pou remete I nan plas li (petèt anpil nan nou Moun nan Nò yo pa tap konn sa sa ye), men, pou kenbe pòtay la fenmen. Epi m t antre nan kay la, nan on vye ti bout kay de pyès (te sanble on ti...sa nou rele on ti "kay pou fizi") konsa, chita la a; g on pyès *isi a*, e sa se salon an, chanm, e yo tout ansanm; e kuizin lan dèyè *la a*. Lè m t antre...Se t on ti kote blanchi, epi bèl, sou kote yo dekafe, epi planch bwa. Alò kidonk... Non, m kwè I te gen papye goudron sou tèt kay la, m sonje m te wè gwo boul sa yo, tankou pou lawoze, pandye sou tèt li.

164 Apresa lè m t antre, te g on siy pandye la a sou pòt sa a, te di: "Bondye Beni Kay Nou." La menm nan kwen an te g on vye baz kabann isi a la, epi youn isi a. Te g on gwo nèg ki te kouche la a (pat g on tapi atè a), gran gwo gason, gwo bèl gason ki te kanpe la a. M imajine I t on...peze sanswasanndis (170) oswa sankatreven (180) liv, prèske sis pye. Epi I te gen dra a nan men I, ap fè: "Uhm. Uhm."

165 Epi I di: "Bebe manman."

166 E m te panse: "Bebe manman." E poutan I te g on-li te g on maladi sosyal, sifilis. E I-I t ap mouri.

167 Epi I te bo I sou fwon, epi I ba I ti tap kon sa, li di: "Bebe manman."

168 Pouki, kè m te jis vin gwo. M te panse: “Wi, sa pa enpòtan kijan w fon nan peche, ou toujou bebe l.” Apresa m te panse: “Ou wè, sa pa enpòtan kijan l pat bon, li toujou ‘Bebe manman.’” Epi m te panse: “Bondye te di: ‘On manman ka bliye bebe l ki nan tete; men M pa ka janm bliye w, paske non w grave nan pla men M.’” Ou wè? Kijan sa ka fèt!

169 M te gade pòv vye sen sa a k ap mache nan viwonn lan la a. Ou te ka di, frè, li pat g anyen nan kay la; men li te g on bagay nan kay la ke tout kay nan Indiana oswa tout lòt kote ta dwe genyen anndan l; se Bondye. M ta pito gen sa a pase m g on gwo bèl kay ak foto fi seksi, ak tout bagay vilgè sa a, bagay degoutan. Ansyen Bib lonje la a kote L te louvri, vye paj yo chifonnen ladan L.

170 M te gade l. Epi l te di: “Pastè a vin lapriyè pou ou, cheri.”

171 Li fè: “Uhm. Uhm. Fènwa. Uhm.”

172 Epi m di: “Kisa l ap di?”

Li di: “Li pa konnen. Mesye doktè a di: ‘Li pèdi tèt li.’” Di: “Li panse l deyò n on gwo lanmè on kote, epi l ap rame on bato, epi l pèdi.” Epi l di: “Se sa m pa ka sipòte a, Pastè: pou m konnen bebe m lan ap mouri, pèdi.” Epi l di: “M konnen w vin ede m, paske Seyè a te fin di m sa.”

M di: “Map priye pou li,” epi m di: “petèt Seyè a va geri l.”

173 Li pat enterese a sa, li te jis vle l leve epi di ke l te ‘sove.’ Se tout, jis konsa toutotan l te sove. Sa pa enpòtan, li gen pou l ale tout jan, kidonk, yon lè; toutotan l te sove! O, si n te ka jis pran atitid sa a! Kay Etènèl sa a lòtbò a, li te konnen l t ap viv avè l ankò lè sa a.

Li di: “Si m te ka jis tande l di li te ‘sove.’”

M di: “Ann bese.” Epi l te met ajenou. Epi m te jis kenbe pye l, epi pye l yo te vrèman frèt epi kole. Epi m pat ka rale kouvèti a sou yo, on ti-on ti dra fen l te met sou li la a; e l te gen jis sou bout anlè l, ou konnen.

174 E kidonk li...Epi l t ap rale sa a tounen kon sa, jis panse l te ladan l. Li t atrap sa, epi l panse l t ap rale ram. Li te kontinye ap di: “Li sitèlman fè nwa. Uhm. Uhm. Li sitèlman fè nwa.” Kidonk apresa li te eseye pale avè l; e l jis kontinye ap di: “Li sitèlman fè nwa epi frèt,” jis ap rale.

175 Alò m-m te gade l on ti kal, epi l te ajenou atè a la a, epi m di: “Matant, èske w ta vle kondwi nou nan lapriyè?”

Li di: "Wi, mesye."

176 Jis limenm, avè m, ak gason an, ak Sentespri an nan chanm lan, se tout. Vye sen sa a te priye. O la la! Lè te pale avè L, ou te konnen l te konn pale avè L anvan. Wi, mesye! Li te konn a kimoun li tap pale. Li di: "Seyè, m pa konn sa W pral fè," li di: "men tout bagay jis nan fason W te di l la."

177 O, la la! O! M sitèlman kontan, m sitèlman kontan Li toujou menm Jezi a ki te la lè sa ak sen sa yo nan moman la a. Li toujou menm Jezi a jodi a.

178 E m pat janm poze l kesyon sou relijyon l, si l te Batis, Pannkotis, oswa kisa. Se pat zafè m. M te-m te jis ap swiv Sentespri a, e li t ap fè menm bagay la. Nou te vle wè sa L ta pral fè.

179 Kidonk nou te met ajenou, epi l te kòmanse lapriye. Lè l fin priye, li te leve epi l te bo tèt li, di: "Bondye, beni bebe m."

180 Epi apresa l di: "Kounye a èske w va priye, Pastè?"

181 Epi m di: "Wi, madam." E la menm li te bò uit è edmi yo, petèt nevè mwenlka, epi m te nan...on distans twa kilomèt ak kote a, e-e avyon an t ap kite a setè; e m pat konnen kilè m t ap janm soti.

182 Alò m poze men m sou pye li, m di: " Papa ki nan Syèl la, m pa konprann sa. E Ou... Mwen-m te sipoze pran on avyon pi bonè, sa fè prèske inè edmi. Ou jis kontinye di: 'Mache,' e se sèl bagay ke m jwenn jiskaprezan. E l di ke Ou... li wè m kap vini. Si sa- si sa se Ou, Seyè, alò m pa konn kisa pou m fè eksepte pou m poze men m sou ti gason an."

183 Li di: " O, manman," li di: " limyè kòmanse ap antre isit la kounye a." E apeprè senk minit apre, li te chita nan kwen kabann lan, avèk bra l kap vlope manman l.

184 M jete m, m kouri lòt bò a e m pran on taxi, e m kouri pase nan lotèl la pou m pran valiz mwen. M te panse ke m ta prale pou m jis tann, petèt ke m ta pral tann on jou ou de lè sa a. Nou konn kijan sa te difisil pou jwenn on avyon apre lagè a, alò m di tèt mwen: " M pral oblije tann kèk jou."

185 M rantre nan taxi a, m kouri ale ayewopò. Osito m rive, yo di: " Vòl nimewo 196 pou Louisville, Kentucky, prale kounye a." Bondye kenbe avyon sa a sou beton an pou mwen, konsa. Oh, m kwè sa!

186 Anviwòn de zan apre, m tap desann nan on tren, m ta pral Arizona, kote Frè Sharrit, nan on reyinyon. M te gen pou m pase pran Frè Moore ak lòt yo. Alò lè mal lòt bò a, m fon

kanpe Memphis. E tren an rive, si nou tout konnen kijan l rive pou l ale vè lwès konsa, apres a l fè bak, li pran plak kote pou vire e l chanje ray.

187 E sandwich sa yo nan tren an, yo vle apeprè swasant kòb pou chak grenn. E, nou konnen, m ka achte yo pou dis, kenz kòb lòt kote. E m jis tann tren an kanpe pou m pran kèk sandwich. M ta pral pran on ham-... on sak ranpli hamburger, e vrèman m ta pral jibile pandan m pral lòt bò a. Alò m sote e m kouri vit lòt bò a, pou m jwenn on stann hamburger; pandan map gade toupatou, tren an ta pral rete pandan apeprè trant minit.

188 Alò mwen-m kòmanse pran kèk hamburger, e m tande on moun ki di m: “ Bonjou Pastè!” E m vire gade, on ti kaskèt wouj, ki kanpe la kap bat je li, nou konnen, li di: “ Ou pa konnen m, pa vre?”

“M pa kwè sa, gason.”

Pwoche, li di: “ Gade m byen!”

E m di: “ Wi?” m di: “ M pa kwè m konnen w.”

Li di: “ M konnen se ou!” li di: “ Ou se Pastè Branham!”

E m di: “ Wi, se vre.” M di: “ Ou deja vini nan youn nan reyinyon mwen yo?”

Li di: “ Non, msye!” Li di: “ Ou sonje maten sa a lè ou desann lakay la e manman m tap t-...?”

“ Oh!” M di: “ Se pa ou!”

Li di: “ Wi, se mwen! Wi, se mwen!” Li di: “ Pastè, “ li di: “ Mwen geri nèt, m anfòm. E se pa sèlman sa, men m son Kreyen kounye a!”

189 Louwe Letènè! Oh!

Yo te rasanble nan chanm anwo a,

Tout tap priye nan Non Li,

Yo te batize ak Sentepri a,

E pouvwa sèvis la vini;

Kounye a sa Li fè pou yo jou sa

Lap fè menm bagay pou, (èske w pa kontan?)

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo,

Alelouya!

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Yo pa gen gwo konesans e tou:

Alò moun sa yo ka pat aprann pou yo vin,

Ou vante tèt yo ak bagay lemonn,

Yo tout resevwa Lapannkòt yo a,

Batize nan Non Jezi;

E yap di kounye a, a la fwa lwen tout kote,

Pouvwa Li menm jan an,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo,

Alelouya!

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Vini, frè m, chache benediksyon sa a

Kap pirifye kè w de peche,

Lap fè sonnen klòch la jwa

E lap kenbe nanm ou anflame;

Oh, lap boule anndan kè m kounye a,

Oh, glwa pou Non Li,

M tèlman kontan m ka...

Kounye a bay lanmen ak on moun ki devan, dèyè, toupatou:

Oh, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo,

Alelouya!

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan... ?...

... youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo,

Alelouya!

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

190 Ki relijyon ansyen tan sa a? Sa kòmanse isit la, e repann anba a ak San Jezikri. Oh, lala! ala kontan m kontan pou Levanjil la! Oh! Oh, wi, msye!

Lap koule ak san, wi, lap koule ak san,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san,

san disip yo (mati, tout longè), ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san.

Kounye a, ki sòt de Levanjil Sa ye? Menm jan L kòmanse Lapannkòt, wè.

Premye a ki mouri pou plan Sentespri sa a,

Se te Jan Batis (wè, li te resevwa, nan vant manman I, nou konnen.) ... li mouri
tankou on òm;

Après vin Seyè Jezi, yo krisifye Li,

Li preche ke Lespri a pral sove lèzòm kont peche a.

Lap kontinye koule ak san, wi, lap koule ak san,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san,

San disip yo ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san.

Ou pa tap ka òganize L! Huh-uh!

Te gen Pyè ak Pòl, e apot Jan,

Yo abandone vi yo pou Levanjil sa ka briye;

Yo melanje san yo, ak ansyen pwofèt yo,

Pou ke vre Pawòl Bondye a te ka pale onètman.

Lap kontinye koule ak san, wi, lap koule ak san,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san,

San disip yo ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a kontinye ap koule ak san.

Te gen nanm sou lotèl la, ki tap kriye: “ konbyen tan?”

Pou Seyè a pini sa yo ki fè mal;

Men ap gen pis ki pral bay san lavi yo

Pou Levanjil Sentespri sa a ak inondasyon wouj li

Lap kontinye koule ak san, wi, lap koule ak san,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san,

San disip yo ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a ap koule ak san.

191 Kounye a depi epok Lapannkòt, e mati Lapannkòt yo, rive nan egliz Efèz, Pègam, Tiyati, Sad, nan Efèz... oswa Filadelfi, e nan Laodise. E kounye a kisa nou... kisa ki rive isit la? Jan Bib la di, tout bagay ap pran plas, e bèt sa pral leve Etazini

192 Nou sonje vizyon an ki te li isit la, 1933? M ta prale... Legliz la pat menm konstwi. M pat konn sa on vizyon te ye, me te rele sa on 'trans'. M te jis on jèn predikatè Batis, e nou te...

193 Tout vi m, mwen wè vizyon sa yo, e map made nenpòt moun leve e di si youn nan yo janm echwe. Non, jamè! Sa pa ka fèt! Wè? Sa pap fèt!

194 E kounye a, pandan map kòmanse lekòl du Dimanch , m tonbe nan on trans. Nou te genyen I sist la nan ansyen lokal fran mason yo, kay Charlie Kern, on ti gwoup nan nou. E m wè prezidan Roosevelt sa a kap kondwi mond lan non lagè mondyal. M te predi !! M di: " Gen twa ism: nazi, fachis, kominis." M di... (konbyen isit ki sonje?) M di: " Kenbe je nou sou Kominis la, tout bagay pral ladann." M di: " Etyopi, Mussolini pral Etyopi, men lap echwe." E m di: " Nou fin pa fè lagè ak Almay, men" m di " Almay pral vin pi fò nan, n on gwo bout beton." Onzan anvan konstriksyon Liy Maginot a, onzan.

195 M di: " Answit, apre lagè a... Nap fin pa genyen I. On fwa lagè a fini, sa pral rive ke syans lan pral envante de gwo bagay." E m di: " Lè yap fè sa, yo pral fabrike on otomobil, e otomobil yo pral kontinye transfòmè. (Nou konn sa yo te sanble an 33.) Kounye a, m di: " yap vin tankou ze, yap sanble ze. Paske m wè sou on otowout, on gwo otowout, on machin kap woule sou wout la san volan. Li te kontrole pa on pwisans." Yo genyen I kounye a.

196 E m di: " Pandan lè sa a... Kounye a, yo pèmèt fanm yo vote; e fanm yo, lè yap vote, yap finalman..." M di: " Nasyon sa a son nasyon fanm, li idantifye pa on fanm. Son fanm atravè pwofesi a, tout kote; ak nimewo trèz toupatou nan pwofesi a. M di: " Son peyi fanm, li gen libète I isit la. E I pral ruine I, se li ki destriksyon mond lan."

197 (E Roy, m resevwa lèt ou yo sou sijè sa a, Gran fanm sa a ki... " Chak ka kriminèl... Nou... M fotokopye I kounye a: chak ka kriminèl ki te janm fèt Etazini, gon fanm ki te dèyè I. Se egzateman sa. Sa se fanm imoral, nou wè, ak bagay.)

198 Kounye a, alò mwen di: " Ap gen nan moman sa a, pandan tan sa a, fanm yo ap gen dwa pou yo vote, e yo pral vote move moun lan." Yo fè I nan dènye eleksyon an. Se vre. " Se sa ki pral deklanche ranpa a. Pandan tan sa a, sa pral rive ke-ke pral gon gran fanm ki pral leve Etazini, lap trè byen abiye", E mwen mete ant parantèz: " petèt egliz Katolik la)." Wè? Ki

pral pran kontwòl pouvwa a, ki pral dirije rèt Etazini a. Lap bèl pou gade, men lap mechan jan pou l ye a.”

199 M di: “ Alò m gade ankò, e m wè Etazini ki eploze an moso. Pat genyen ki te rete sou li.

200 E m te predi lè a. “ Kounye a sa, se te MEN SA SEYE A DI.”

201 E panse! senk sou sèt prediksyon sa yo, deja rive .

202 Legliz la ap pran kontwòl, egliz Katolik la. E fen tan an kap vini.

203 E m di: “ M wè, ou ta di te gen souch pyebwa ki tap boule; wòch ki tap eklate; e tout Etazini an antye te parèt toutouni, lonje konsa, osi lwen ke m te ka wè kote m te ye.”

204 E m di: “ M predi, jan tan an ap evolye, lap ant ane sa a 33 e 77.” E nap oblije sere fò pou n rive la a.

205 E nou chita sou on barik poud, zanmi. Tout bagay pare.

206 Oh, men presye Papa nou ki nan Syèl la Ki pwomèt, Ki pwomèt! Èske l pa extraòdinè pou son sèvitè Kris? Tout bagay ke L pwomèt! E panse; nou gen privilèj. Lap viv isit. Li avè nou kounye a, Li konn tout sekre chak kè, Li konn tout bagay sou ou, flannm dife sa yo kap travèse kè nou, Li konn tout bagay sou nou, Li renmen nou.

207 E èske nou pa kontan nou nan ti gwoup minorite sa a, aswè a, kap kenbe Lafwa a? Paske se te kòmandman Li: “ Nou pa bezwen pè, nou menm ti bann mouton yo, paske se tout plezi Papa nou pou L ban noupeyi kote Bondye Wa a. E sof si travay sa te koupe, pa tap gen okenn moun ki tap sove.” Wè, nou nan fen tan an.

208 Pannkotis yo vin frèt, tyèd, e bouch Bondye te vomi yo.

209 Jis on toupiti gwoup rale kò l isit la, kèk nan yo, men se la ke pral vini: “ Men, Lamarye ap vini!” E lè sa a ap rive, chak nan vèy sa yo, chak vèy vèy sa yo... Sonje, gen sèt vèy. E nou nan dènye vèy sa a. Men chak vyèj sa yo jiskisit la leve. Amen! Oh, kisa l te ye? Menm Sentespri a.

210 Apresa lè legliz a t ale nan...Tankou n te pran dimanch swa, Joseph pou l fè Izrayèl konnen l, frè l yo, li te voye madanm li ale, tout bagay, epi voye yo tounen nan palè a. Epi l te kanpe poukont li ak Jwif yo, epi l di: “M se Joseph, frè nou.”

211 Mete l dwat nan Lekriti a kote yo te di yo te fikse on jou pou dèy, epi chak kay te nan dèy pou tèt pa l.

212 Yo te di: “Kote W te pran mak sa yo?”

Di: “Nan men...”

“Nan men Nou?”

213 “Sila ki te pèse L yo va gade L.” E men L kanpe la, Joseph la.

214 Li te di: “Pa...” Tankou Joseph te di: “Pa fache ak tèt nou, paske Bondye te fè l pou prezève lavi.” Kisa? Lavi Legliz la, Moun Nasyon yo: “Poutèt Non L, yon pèp soti nan Moun Nasyon yo.”

215 O, nou nan fen an, frè m yo. Nou isi a! Ke Non Seyè a beni! Ann chante bon vye chante sa a, tankou frè ak sè pannkotis yo, ansanm. Kounye a, ou di: “Ebyen, me s on Batis.” Men si w gen Benediksyon Pannkotis la, ou s on pannkotis. En-en. Trè byen. Trè byen:

Beni lyen an ki mare

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite lespri yo ki sanble yo

Se tankou sa ki anwo a.

216 Kounye a koute, zanmi. Si g on moun isi a nan mitan nou, ke si yon kote nan vwayaj lavi a, ke on ti bagay anmè t antre nan kè w, (Tande m!) retire l la a kounye a. Pran sa, pa janm kite anyen...

[On sè pale n on lòt lang. Pati blanch sou kasèt la. On frè bay on mesaj-Editè a.]

Amèn.

[On frè pale n on lòt lang epi apres a entèprete—Editè a.]

Amèn. Amèn.

217 Seyè Jezi, nou di W mèsi pou mesaj sa yo. Li brase nou, Seyè pou n konnen ke nou pat refize men nou te kenbe lafwa. O, m priye, Bondye, ke Sentespri a va kontinye rete nan legliz la. Kenbe nou pwòch youn ak lòt, Papa. Kenbe nou avè W. Epi mache nan mitan nou, Seyè, nan dènye laj chandelye sa a ke n ap viv la. Se pou W Limyè nou. Klere sou nou, gran moman fènwa sa yo, Seyè, paske nou reyalize ke *chandelye* sa a ak *zetwal* yo pale de “fènwa.” E Seyè, nou kontan ke nou se pitit Limyè, k ap mache nan Limyè Bondye a. Nou pa atache ak bagay latè sa yo, men nou se pitit Ou. Ala nou di W mèsi pou bagay sa yo.

218 Nou di w mèsì poutèt ou voye mesaj sa yo kòm konfimasyon Pawòl Ou. Ke Ou toujou onore nan mitan nou, Papa. Ke W epaye nou de tout bagay anmè sou latè a. Kenbe nou sanktifye, konsa lavi nou va vin pi epi pwòp epi sen devan W. Kite San Jezikri a fè sa pou chak nan nou, Seyè. Retire nan mitan nou, si gen nenpòt bagay ki pa kòrèk ditou. Retire l nan nou, Seyè. Sa se lè pou chache konnen.

219 Reyinyon sa yo la nan objektif pou fouye kè nou. Ou di flanm dife nan je W sa yo: “te fouye epi te konnen rèy kè a.” Ou sètènman fè l, Papa. Epi reponn nou epi di nou pou n fè...kenbe tèt nou pare, ke lè a ap rive.

220 O, ala nou di W mèsì pou sa, Papa. Nou pral fè sa ak tout sak nan nou pa gras Ou. Amèn.

221 O, èske n pa renmen L? Kounye a, si ta g on etranje nan mitan nou, se fason sa l te ye okòmansman. Lè Jezi te isit la sou latè, Li te di, yon moun te poze L kesyon sou on ka maryaj ak divòs oswa on bagay, Li te di: “Se pat konsa okòmansman.” Nou dwe tounen nan kòmansman an.

222 Alò si kòmansman an se t on legliz Pannkotis e L se Pye Rezen an, nou se branch yo, chak lè Pye Rezen sa a pwodwi on legliz, l ap on legliz Pannkotis, branch Pannkotis; menm bagay ke l te ye okòmansman (Ou wè?), chak fwa. Kounye a, ou ka grefe lòt pye rezen ladan l epi l ap pote fwi pa l. Ou ka pran on-on pye zoranj epi mete sitwon sou li, l ap pote sitwon kap viv de lavi zoranj lan. Met on chadèk sou kote l, epi l ap pote chadèk paske s on fwi fanmi sitwon.

223 Kidonk òganizasyon sa yo, denominasyon ak bagay sa yo, kole la a, ap rele Kretyen, yo ka viv pa lavi Kretyen an. Se egzakteman vre, men yo pral pot fwi denominasyonèl. Se vre. Paske yo te kole la konsa. Men si branch sa pou tèt pa l janm pwodwi on...oswa si Pye Rezwon sa a janm pwodwi on branch, l ap...l ap ekri on Liv Ak dèyè l. Se egzakteman vre. Paske se sa k te pase premye fwa a. Chak branch li pwodwi pou tèt pa l pral gen zoranj, chak grenn. E Bib la te pale; li te gen douz branch sou li.

224 O, m sitèlman kontan pou m ap viv anba branch sa a, e oumenm? Wi, mesye. O, sa mèveye.

225 Trè byen, sonje demen swa kounye a sou laj Fila-...Sad la. La...?...kap soti nan òganizasyon Literyen an, Martin Luther...?...

